ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙСКАЯ ПРАВДА

АДЫГСКОЕ СОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№158 (21.316) ● 2008 гъэм шыщхьэIум (августым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

УнафэщIым и псалъэ

Шыгъу зышхар псы йофэж

«КУРЖЫМ зэщIигъэста лыгъэр зэрыщыту Кавказ псом щызэщIэмынэу зэрагъэнкIыфIар икъукIэ зыгъэщIугуфIыкIынщ. Абы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэ зыбгъэдалъыр Урысейм и мамырщIэкъу къарухэрщ. Абыхэм нэмыщIам Осетие Ипщэм къыщыхъеят зауэм Куржым и бийуэ лъэпкъ куэд хьыхьэну къыщIэкIынт. Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ щызэуэн папщIэ, зэрыщыту Ипщэ федеральнэ округми Къэбэрдей-Балъкъэрми ящыщу куэд щIэлъыIуащ. Ауэ ахэр Iэмал зэриIэкIэ зэтрагIыгъащ, абыхэм я дзIэпыкъунымрэ зэрыхуэмыныкъуэм къыхэкIыу. Быдэу уи фIэщ пщIы хъунущ ахэр зауэ зыгъэм щIыхьыхэм Iэмалыншагъэ Iэуху дяпэкIи зэрыщымыIэнур. Ауэ, дауэ мыхъуми, гукъеуэщ мы зауэм цIыху куэд зэрыхэкIуэдар икIи а гузэвэгъуэр осетинхэм зи ящыгъупщэну къыщIэкIынкъым. Дэ тхуэзфIэкI псори длэжьынщ абыхэм я мамыр псэукIэр зэтегъэувэжынымэ.

Iэтракъута кьалэхэр, цIыхухэр зэрыныкъуэм, унэхэр зэгъэпэщIыжынымэ я лъэныкъуэкIэ. Нэхъыщхьэ дыдэр ярщи, зауэ зэщIэзыгъэстахэр, цIыхухэр зи зэранкIэ зэкIуэдахэр икIэ щIыпIэкIэ жэуэпым иращэлIэн хуейщ дунейпсо хабзэхэм тету»,- жиIащ КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Куржым и дзэхэр зэтегъэувыIэнымэ хузунэтIагъэ ирагъэкIуэкIаебгъэрыкIуэнымгъэр зэриухам теухуауэ.

Сурэтыр МАМИЙ Руслан трихащ.

ЕМАЛЫНЩIАГЪЭКIэ зи щыпIэр зыбгынэну къызыхуихуа Осетие Ипщэм и цIыхухэу ди республикэм щыIэхэм дыгъуасэ яIущIащ республикэ унафэщIэр. Ахэр иджыпсту щыпсэу «Къурш псынэ», «Кавказ» санаторхэм щыIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIэу Ипщэ Федеральнэ округ щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и кIэлъадэ **Чеченов Ануар**,егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр**ЩхьэгъэпэсО Сэфарбий**,курортхэмрэ туризмэмкIэ министр **Фыырэ Руслан**, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт**, УФ-м и МЧС-м КЪР-м щIэ къудамэм и лIыкIуэхэр.

Республикэ унафэщIхэр зи щхьэ къезыхьэжьа гупым я IуэхуитIыгъуэ зыгъэгъэкIэ я гъуэта дзIэпыкъунымрэ зауэм жьыджэру ядзлэжьэну, сыт щхьэкIэ жэпIэмэ зыхуэныкъуэ дзIэпыкъунымрэ зыгъэгъэкIэ тэмэму я гъуэтым папщIэ я дзфтэхэр нэхъ псынщIэу зэфIагъэзвэжынымыхьэнэхъуэ и IэщI. Апхуэдэу абы кьыхихгъэщащ сабийхэм я нэгу щIэкIа гуэзвэгъэхэм псантхуэу узыфэ гуэрхэр кьыхамыхьи папщIэ, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр жэщи махуи я дежь зэрыщагъэтынур, нэгуэзыужь, щэнхабзэ Iэужугъуэхэр зыкъзэрыкъузэрагъэпэщынур.

- Осетие Ипщэм щыпсэухэм ядзIэпыкъунымкIэ республикэ штаб къыхэзгъэпэщащ, - жиIащ Чеченов Ануар. - Абыхэм яхуедгъэщащ ерыскъыкъэкIэхэр, зэрыжьыщIэ, зэрызагъэкIабзэ хьэпшыпхэр, хущхъуэхэр. ЩыпIэм и мыхьэ фи лъэпкъэгъуэхэм щхьэкIи фигу фымыгъэныкIыу. УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир зэрыжиIамкIэ, мы зэманым Осетие Ипщэм щытыкIэр щызэзфIэгъэувэжынымэ, ухуэныгъэ Iуэхухэр егъэкIуэкIынымэ сом меларди 10 хухахащ. Фи Iуэху зыIутым щIэхъущхьыурэ къыщIоупщIэ Урысейм и унафэщIхэр. Абыхэм ялъэкI кьагъанэркIыным ноба фи лъэпкъыр зыхэмуэ Iуэху гуэзвэгъэр кьывдагъэпсыщIэныкмкIэ. Ди щIыналъэм фыщыIэхукIэ дэ тхуэзэфIэкI псомкIи зыфщIэдгъэкъуэнущ. Зэкъуэш лъэпкъуэ дыщыщыткIэ, дэ ди къэлэнщ сыт и лъэныкъуэкIи фи Iуэхуэхэр вдэтIыгъынкIи.

- Нобэр къыздэсым дэ фи дежь щыдгъуэта дзIэпыкъунымрэ гулъытэмкIэ дыарэзыщ, - жиIащ щытыкIэ гугъуэм кьихута балигъхэм. - Фи цIыхухэр кьызэрыптежьам ди лъэр нэхъ щIигъэкIащ, псалъэкIэ кьыпхуэIуэтэнукъым да абыхэм ядэтлъэгъуа гуапагъэмрэ гумащIагъэмрэ зыхуэдэр. ИджыпстукIэ дэ диIэр зы лъэIущ: ди сабийхэм урысыбзэр фIыуэ ягъэшэрыуэркъым, школ щIэныгъэмкIэ министрым кьигъэгугъащ нобэ щыщIэдзэуэ абыхэм урысыбзэмкIэ егъэджакIуэхэр кьадзэлэжьэну дыдуейт, ебджным нэхъ тыншу хэзэгъа хьэн папщIэ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым кьигъэгугъащ нобэ щыщIэдзэуэ абыхэм урысыбзэмкIэ егъэджакIуэ яхуигъэкIыну.

ЩХЬЭЩIЭМЫЩIИЗ.

Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Жыджэру ядоIэпыкъу

КЪБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и кьуэдэ, Осетие Ипщэм и цIыхухэм зыщIэныкъуэнымкIэ республикэ штабым и унафэщI Чеченов Ануар щыщхьэIум и 12-м журналистхэм яIуащ.

АБЫ зэрыжиIэмкIэ, Куржым Осетие Ипщэм ирищIылIар лъапсэрых зауэт. Куэд дыдэ хэкIудащ, уIэгъэ хьуащ, гуэвэгIуэ сыщыгъуэзэщ. СызнупафэщI республикэ штабым хуэдэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалэ, район псоми кьыщыIэздгъэпэщынущ. Къэпхъэрахэр зыгедгъэщащ щIыпIэм щолажьэ щыIэ щытыкIэм кIэлъыпть, цIыхухэм зэрызыкъыхуагъаз Iуэхухэм хэплъэ комендатурэр», - жиIащ Чеченов Ануар.

Абы кьызэрыкигъэщамкIэ, зауэм зэрыщIидзэу Осетие Ищхьэрэ - Аланием дзIэпыкъуэгъу псынщIэу гупу 7 ягъакIуэри, жэщищ-махищкIэ Осетие Ипщэм и щIыналъэмуIэгъэхэр кьрагъэIэпхьэкIащ.

ЩеIэзэ Iуэхущапсэхэм уIэгъэхэмрэ гуэзвэгъэ хэхуэхэмрэ зэрагъэкIуэну щIыкIэр яубзыхуащ, хущхъуэхэкIэр зэрагъэпэщащ. Ахэр трагуэшэнщ Налшык, Прохладнэ кьалэхэм, Бахъсэн, Аруан районхэм щыIэщIэзэIуэхущапсэхэм.

КЪР-м и Правительствэм и нIэ тету пхъэрэр кьрагъэблагъэ, псоми щхьэкIэзэщIэ пIэ тэмэм кьыхуагъуэт.

«Нобэ ирихьэлIэу ди деж къэкIуащ IэмалыншагъэкIэ зи льаэр зыбгынаэ хьэрыкъ 327-р. Абы щыщу 166-р сабийщ.

Республикэр ди кьуэш Осетие Ипщэм щыпсэухэм жыджэру ядоIэпыкъу. Абыхэм папщIэ Осетие Ищхьэрэм едгъэшащ сэхуран дагъэу тонни 3, хьэжыгъэр апхуэдиз, хьэлвэу тонни 2, консерву тонни 6, псыуэ тонн 41-р, зэрыжьыщIэ порошкоыу зи тонн, пхъэхэкIыу кубометр 60», - кьигъэлъагъащ республикэр штабым и унафэщIым.

Чеченов Ануар журналистхэм ягу кьигъэкIыжащ пхъэрэмрэ лей зытехьаэмрэ мылъкукIэ защIэзыгъэкъуэну хуейхэм папщIэ банкым счет кьыхэрыщIэзIуахар.

Апхуэдэ жэрдэм зиIэхэм КЪР-м и кьалэхэм, районхэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и счету Ставрополь дэт УФ-м и Ахъщэ хъумапIэм и Кавказ-Ищхьэрэ банкым кьыщыгъэIуахар мыращи:

Р/с 40410810860340000001
БИК 040 702 660
К/с 301018 10600000000660

Республикэр штабым и лэжьыгъэм тепсэлъыхьа нэужь, Чеченов Ануар журналистхэм я упщIэхэм жэуап яритащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Псапэ

Куэдрэ зыпамыгъаплъэу

Осетие Ипщэм щыпсэухэм ядоIэпыкъуныкIэ къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхэрагъэпэща штабым и нэIэ тету ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыть ящэ машинхэр Пашыкъ консерв заводым дагъэкIащ.

ГУЭЗВЭГЪУЭР кьызитепсыхахэм хурагъащIэ хьэжыгъэ, дагъэ, фIэлугъэхэр, хадэхэкIэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ. Апхуэдэу «Хьэбэз» ЗАО-м минералпсыуэ тонни 10 зэрыт машинэ Iуэгу тригъэхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъыхэм елэжь и предприятэхэмрэ консерв заводхэмрэ щагъэхьазыра шхыныгъуэ тонн 40 зэрыль машинэхэр Осетие Ищхьэрэм макIуэ.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

Лъым и лъэужьыр тхыдэм хэгъуэщэжыркъым

Обозревателым и псалъэ

ИКIЭМ-ИКIЭЖЫМ дэ дригушхуэ хьунущ дызышIысэу кьыралышхуэм. Ижь ильэс пщыкIутхум лъэрымыхьу, Iэнкуну щыта ди кьыралым и щхьэр кьиIэтыжащ, Дяпэкi абы и ныбжьегъуэхэм ныкъуэкъуэгъуэхэми пщIэ кьыхуащIын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ. Зи гугъу тщIыр Урысейм ехьи и щIыхуэр зэрихъумэфарщ, абы ыкIи къэзэрыщIхъэщIыжаярщ. Псоми, Осетие Ипщэм кьытеуа бийр бзаджэт икIи хьэщхэрыпхъуэм хуэдэт. Куржым и мурадащ зэрIэува щытыкIэр (Путиныр Пекин кIуат, Медведевым зигъэпсэхут, Китайм щауба XXIX Олимп зэхъэзэхуэм псоми я гур щы Iэт) кьигъэсэбэпу, щIыналъэр псынщIэу льапсэрых щIынуи икIи псэуэ кьэнахэр кьрихуу абы и гъунапкъэм и дех «бжьыкъ» щигъэувыну. Ауэ ар абы кьехъулIакIым, Урысейм и унафэщIхэм кьагъэлъэгъуа ткIиягъым и фIыгъэкIэ. Куржыдзэхэр Осетие Ипщэм и щIыналъэм ирахужащ, ахэр апхуэдэу дахужащ Абхъаз Ипщэм и Кодор аузми. Пэжщ, Iуэхуэхэр кьарукIэ зэфIахыным яужь имыхьэну жьзIа. Президент Саакашвили и псалъэхэм трагъуэтэжыну зэрыщыгугъам игъэбзэрыгъа осетинхэм кьаруушхуэкIэ кьебгъэрыкIуа куржыдзэхэм гуаузэкъуэ кьыхуахьащ. Кавказ зыбжанэ лъапсэрых ящIащ, уебгъэмэ кхъэхэр ирахащ. Апхуэдэ хьэкIэ-хьэкIагъэ ялэжьауэ тхыдэ гъунэгъуэ ищIэркъым.

Сыт кьызыхэкIар иджырей зауэр икIи ар сыт хуэдэу ихухну?

Осетие Ипщэм Куржым и пэкIэ - 1774 гъэм - Урысейм хахъащ. Арщхьэкъ Iэзы куржыхэри империем щыщ хуэд ихужь, щIыналъэр кьалъытэу хуежьащ езыхэм ейуэ. НаIуэу зэрыщытщи, ижь зэманыр къэсыху, куржыхэм я Iуэхур Урысейм хуэбжьу щыпхьыIыну кьекIуэкIащ. Псом хуэмыдэу революцIэ нэужьым Сталин Иосиф властыр Iэнджьэри. Арп абы и блыгъэщIэт Берие Лаврентии хуабжьу хущIэкъуащ щIыналъэм зыкъегъэIэтыным. Абы кьыхэкIыу ар адрей щыпIэхэм ефIэкIыу сыт щыгъуи щытащ. Хьбгъэщыхьэмэ, мыбы щIыхь щымжьэIакъым Хэку зауэщхэм и зэманми. Уебгъэ Сталин Иосиф ягъэзэнчыну нуужьIи, Кремлыр хущIэкъуащ куржыхэм я жагъуэ ямыщIыну. Абыхэм я парт унафэщIыр КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хагъэхьэрт кандидату, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретарь кьулыкъущ сыт щыгъуи зейри ахэрат. Езыр республикэм ит налогыр ягъэмащIат. Куржыхэм хуабжьу я сэбэн кьеIарт тенджизь Iуфэм Iус Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ. Ащ щыщ ыкIи Iэмалыхэм закъыфIэщIыжащ икIи кьадэпсэу лъэпкъ мащIэу Iэужьр хэутэн ящIу щIадзащ. Апхуэдэ политикэр зэрымыкъумыщIэр, зэрыттыгъэгъуэн, иджырэ къэгуурыIуэркъым. Куржым и унафэщIхэр хущIокIу езыхэм я Iуэпэ IуэгъуэкIэ США-р кьагъэсэбэну зи гугъу тщIы щIыналъэхэр кьарукIэ кьыхьыхагъэхьэжьну. Арщхьэкъэ ар абыхэм кьаэремыхьулIэнур беджьмыл хуащ. ЗалымыгъэкIэ зыми фIыуэ укьылъагъунукъым, нэгъуэщIэ я хьэкIи упсэфынукъым, хэт кьыбдзиIу щытми.

Къэхъуам и уэжькIэ кьезэгъыкъркъым Осетие Ипщэр, апхуэдэу Абхъазыр Куржым кьыхэнэнкIэ хъуным утепсэлъыхьну. Лым и лъужьыр тхыдэм хэгъуэщэжыркъым. Ар езы куржыхэми дунейпсо жьлагъэмэ кьагурыIуэн хуейщ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Ди медалхэм къахохъуэ

ОЛИМП Дзэгухэм я епIанэ махуэм, зэрытщIэщи, Урысей Федерацэм и медалхэм дыщэу тIурэ зы жэрэ къахэхъуащ. УФ-м и тренерхэр, спорт Iэщапсалъэхэр куэдкIэ щыгугъат псы спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ медаль зыбжанэ кьытхуэхьыныр, ди жагъуэ зэрыхъуащ, дызэрыхуейм хуэдэу Iуэхур зэкIэ хьурыкъым.

Мыбдежым бжьыпэр щаIыгъыт псы спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ сыт щыгъуи лъэщу зыкъзэгурэлъагъэ США-м, Австралием, Китайм я командэхэр. ИкIи, хабзэ зэрыхуэдэу, медалхэм я ящыIэр абыхэм зэщIакъуэжащ. ЩыщхьэIум и 12-м зэхъэзэхуэхэм япэ увыпIищыр кьэзыхьаэм яхэхуакъым Зуевэ Анастасиерэ Ефимовэ Юлиерэ.

Апхуэдэу щыхьукIи США-м и спортсмен Фелпс Майкл псы есынымкIэ зы тенIуэныгъэм адрейр кьыкIэлъыкIуэу олимп рекордхэр Пекин щегъэув. ЩIалэм дыщэ медалу плIы зэкIэ Китайм кьыщихьащ. Езы спортсменым зэрыжиIамкIи, зыхэт зэхьэхуэхэм псоми яп увыпIэр щичыбдыни мурад иIэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, медалиплIкIэ ар кьэувыIэнукъым.

Псори зэхэту Фелпс Олимп дыщэ медалу 11 кьихьащ. Апхуэдэ зэфIэкI иджырэ кьыздэсым зэи зыми кьигъэлъэIуагъуакъым. Спорт тхыдэм кьыззэрыхсщымкIэ, абы и пэкIэ нэхъыбэ дыдэу кьахьар медалибгъущ, ди гимнастэр кIэрыIуэ Латынинэ Ларисэ яхэтыжу.

ДжордмкIэ УФ-м и командэм иджыри къэс зы медаль кьыхуэхьакъым. Къэрэшей-Шэрджэсым и бэнакIуэ Башкаев Албэч, килограмм 81-м щыбанэхэм я дзеж кьыщыхъэгъэлъэгъуа щыIэкъым. Ди щIалэм и яп эIущэр Марроко и дзюдоист Аттаф Сафон иригъэхьащ. Цыхубзхэм я дежи апхуэдэ зэхьэзэхуэм зэщIэу кьыхэкIащ Коваль Верэ. Арщыбанэр килограмм 63-р зи хьэпатагъэм я дежщ.

Атлетикэ хьэпъэмкIэ Царукаевэ Светланэ рывокымкIэ зэщIэу килограмми 107-р кьиIэтыну тригъэльащ, арщхьэкIэ пэмылъэщу зэпеуэм кьыхэкIащ.

ЩыщхьэIум и 13-м командхэр Олимп медаль комплектыгъ 17-м щIэбэнащ. Абы щыщу ди командэм дыжьын медаль кьихьащ псы есынымкIэ. Метрищ-пэсу льагатIэм кьелъэу псым зи гъэсу хэпъа Саутин Дмитрийр Кунаков Юрийрэ егIуанэ увыпIэр дыгъуасэ кьахьащ. Кьыхэдгъэщынщи, Саутин Дмитрий зыхэта Олимпадхэм медалибгъ кьыхихащ. Абы щыщу 2-р дыщэщ, 1-р дыжьынщ, 4-р жэщщ.

Дыжьын медаль кьэралым дыгъуасэ кьыхуихащ атлетикэ хьэпъэмкIэ килограмм 69-рэ зи хьэпатагъэм я дежь зыкъыщыIыгъэлъагъуэ Сливенко Оксанэ.

УвыпIэр	Командэр	Дыщэ	Дыжьын	Жэз	Псори зэхэту
1	Китай	17	5	3	27
2	США	10	8	11	29
3	Ипщэ Корее	6	6	1	13
4	Италие	4	4	3	11
5	Австралие	4	2	6	12
6	Япония	4	1	2	7
7	Германие	4	2	1	7
8	**Урысей Федерацэ**	**2**	**7**	**3**	**12**
9	Великобритание	2	2	3	7
10	Куржы	2	0	1	3

ХЬЭЩIЫКЪУЕЙ Олег.

Тхьэмахуищым нэблагъэкIэ зэпеуэнущ

Ди газетым зэрытетащи, щыщхьэIум и 28-м Налшык и Театр щхьэуантIэм гуфIэгъуэ зэIущIэ щекIуэкIынущ шахматымкIэ цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр кьыззэрызэIуахым теухуауэ.

ЧЕМПИОНАТЫМ хэтыныхэр щыщхьэIум и 29-м щыщIэдзауэ «Синдика» интурист хьэщIэщым щызэдзэжгъунущ. Спортсмен 64-р тIурытIу гуэшауэ зэпеуэн щыщIадзэкIэ япэ кIуэгъэуэ иратынущ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Жуков Александр.

2006 гъэм дуней псом и чемпион хьуа Юйхуа Сюй япэ номерым щIэту джэгунущ. Ар IущIэнущ зи рейтингкIэ тIэкIу нэмыс щыIэ, ешмэ Соломон Анзель (КЪР). Чемпионатым щыджэгунухэм ящыщу 28-м цIыхубзхэм я дунейпсо гроссмейстер цIэр, блым цIыхухьухэм я дунейпсо гроссмейстер цIэр яIэщ. Спортсмен нэхъыбэ дыдэ (щыхуий) Китаймрэ къкIынущ, Урысейм и спортсменэу блы, Куржым щыщу зы, Индием щыщу плы, Украинэм щыщу щы къкIэнущ.

Шахматыр фIыуэ зыльагъуэр зэхьэзэхуэм кIэлъыплъын папщIэ, хьэщIэщым и конференц-залым экран ин щагъэувынущ. Зэхьэзэхуэм хэтхэр зэрызэдэджэгум, япэкIэ екIуэкIа зэIущIэхэм кьарикIуахэм ятеуха хьыбарэр бюллетень кьыдагъэкIынущ, хьэщIэщым и пэIущIэ пэшым щIэт экранхэм кьыщагъэлъэгъэнущ. ЗэIущIэхэр зэрекIуэкIым тепсэлъыхьынущ дунейпсо гроссмейстер Васюков Евгений.

Интернетыр дуней псом кьыщызыгъэсэбэпхэр чемпионатым кIэлъыплъыфынущ абы и официальнэ сайтымкIэ (halchik 2008. fide. com.) Прессэм и лэжьакIуэхэм папщIэ хьэщIэщым кьыщызэрагъэпэщащ интернетым пыщIа компьютерхэр, зыкуэй адрей техэм я пэрэмыщIэ пресс-центр. Чемпионатым хэтхэмрэ абы и кьыззэгъэпэщакIуэхэмрэ журналистхэм папщIэ махуэ кьэс пресс-конференцэр ирагъэкIуэкIынущ. Чемпионатым и кIэух зэIущIэм ягъэ кьыхуэу спортсмэнхэм зыгъэзэмугуфу зыкIэ ирагъэнущ. ХьэщIэхэм Налшык и щыпIэ нэхъ дахэхэр ирагъэльагъунущ. Езыхэм кьызэрыхахым елъытауэ, ахэр зыпIэлъыкIуэ яшэнущ Шэджэм псыкIельэхэм, Гуэл щхьэнтIэхэм е Iащхьэмахуэ льапсэ щыIэ льэпкъ парким.

Чемпионатыр Iыхьжьыу гуэшауэ, хэнэр хэкIауэрэ, екIуэкIынущ. Япэ щыкIэ зэхьэзэхуэм хэтхэр тIорыпIэ зэдэджэгунущ. Еханэ (финал) джэгугъуэм нэс спортсменитIыр пIэ зэдэджэгунурэ, текIуэр дуней псом и чемпионыр кьальытэнущ. Абы хэхрацэ дамыгъэ псори кьэщIэхэр, журналистхэр, шахматыр фIыуэ зыльагъуэр кьрихьэлIэу фокIадзэм и 18-м ирагъэкIуэкIыну гуфIэгъэ зэIущIэм щратынущ.

Чемпионатым и саугъэт фондыр доллар мин 450-рэ мэхъу. Ар нэхъыбэу кьызэзэIущэщынур Москва кьалэм щыIэ «Синдика» холдинг компаниерщ.

КЪР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапсэ.

Iэ тридзами...

Куржым и президент Саакашвили Iэ тридзэн хуэхьуащ Осетие Ипщэм щытыкIэр щызэфIэгъэувэжынымрэ лъэныкъуэхэм теухуауэ. УФ-м и Президент Медведев Дмитрийр Франджым и Iэтащхьэ Саркозэ Николэр кьыхалъхьахэм.

Абыхэм япкъ иткIэ, псом япэу Куржым щалэн зыщицIыжащ щIызэныкъуэкIэ Iуэхур зэфIихын мурадкIэ кьару кьимыгъэсэбэпыну. Ауэ зэрызэгурыIуаэм зэкIэ хагъэхьащ Осетие Ипщэр Куржым кьыхэнэным е кьыхэкIыным теухуа Iуэхур. ЗэрыжаIамкIэ, абы унафэщытращIыхьынур нужькIэщ.

Нэщхъеягъуэ махуэ

Дыгъуасэ Урысейм щахуэщыгъуащ Осетие Ипщэм иращIылIа зауэм хэкIуэдахэм.

Къэрал Iуэхущапсэхэм фIэлъ ныпхэр кьрахьэхащ. Зэхуэсхэр кьэралым и щIыпIэ куэдым щекIуэкIащ. Къэрал псор Iисраф ящIа щIыналъэм доIэпыкъу. Ягухэр кьызэрыгъуэтыжын, я узыншагъэр зэфIагъэувэжын папщIэ, осетин сабийхэр яшащ Кавказ Ищхьэрэм щыIэ зыгъэпсэхупIэхэм. Апхуэдэу ди гъунэгъу республикэм ерыскъыхэкIэхэр, хьэхуэину хьэпшыпхэр хурагъашэ.

Ди къэралым и кьалащхьэ Москва щIыху куэдым гъы щат. Станцхэм екIуалIэхэм яхэтщ щIалэхэр, хьыджэбзхэр.

Iэ тридзами...

Урысейм иэгъэщI къэрал Iуэхущапсэ и министр Лавров Сергей жиIащ Куржым и дзэхэр кьызыщIэкIа казармэхэм щIагъэхьэжьи зэрыхуейр.

Министрым апхуэдэу кьыхэкIа хьэпшыпхэр кьыIащ Осетие Ипщэм и политикэ статусыр икIэщIыпIэкIэ зэIубз щIыпхэзу.

(ИТАР-ТАСС).

◆Пакистан Исламыр Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщI - къэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ (1947).

◆Куржымрэ Абхъазымрэ ягу кьыщагъэкIыж 1992 - 1993 гъэхэм щыщхьэIум и 14 - 19-кэм Iэщэкъэ щызэпэщIэуцым хэкIуэда цIыху мин 17-м я фэепIащ.

◆Илъэс 65-рэ и пэкIэ (1943 гъэм щыщхьэIум и 14 - 24-хэм) ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и зэманым США-м и президент Рузвельт Франклинрэ Инджылызым и премьер-министр Черчилль Уинстонрэ Квебек яп1э конференц щрагъэкIуэкIащ. Абы Iэ щытрадзащ атом Iэщэ щIыпIэмкIэ зэдзэхьэныным теуха зэгурыIуэныгъэ щэхум.

◆ЩыщхьэIум и 14 - 24-хэм Сан-Паулу (Бразилие) щекIуэкIынущ дунейпсо тхыльгъэльэгъуэныгъэ.

◆ЩыщхьэIум и 14-м - фокIадзэм и 21-гъэм Люцерн (Швейцарие) симфоние макъамэм и дунейпсо фестиваль щекIуэкIынущ.

◆ Илъэс 50 и пэкIэ лIащ франджы физик, жылагъуэ лъжьакIуэ, Нобель и саугъэтым физикэмкIэ и лауреат Жолио-Кюри Фредерик (1900 - 1958). Жолио-Кюри Ирен и гъусэу абы кьызэIуихащ атом кьарум и щхьэкуэд.

◆**Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэт 6-р дакьикьи 10-м, кьуэкьжьнущ сыхьэт 20-р дакьикъэ 14-м.**

◆**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-р дакьикьи 4-р.**

ИлIанэмэр зыгъэхьэзырыр МАХЬИЮКЪУЭ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iуущагъэ:

Зауэ езыгъажьэ и щхьэ лажьэ хохуэж.

● Къэбар гуапэ

Дамыгъэ лъапIэр къратащ

Зыпэрыт ГэнатIэм щIэ ехьэлIэныгъэхэм папщIэ икIи илъэс куэд ткIуэдэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкIыу Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм щыщхьэIум и 6-м кьыдигъэкIа Указ №1184-мкIэ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и II нагъыщэ медалыр кьыхуигъэфэщащ Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ кьулыкъум и ЩIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI **Погребняк Людмилэ Василий и пхъум**.

Къэбэрдейм и тхыдэ пэж

● ТхыгъэщIэ

Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я тхыдэр джыным гулъытэ дей хуащI хьуащ нужьрей ильэсхэм. Гъуэгуанэ кIыхь кьакIуащ абыхэм - ильэс мин зыбжанэ я тхыдэщ. Апхуэдэ тхыдэ зи гугъу щIэдзэн ящыщу адрыгъэхэр - щIэныгъэр щыхьэт тохьуэ абы.

ЩIэныгъэр щыхьэт тохьуэ адыгэхэм нэхърэ нэхъ лъэпкъыщхьэрэ нэхъ щIэрыгъэрэ Кавказым зэримысам. Абыхэм я зы лIакъуэщ къебгъэрдейхэр.

СЫТ ХУЭдЭ гъуэгуанэ кьыззэпача къэбгъэдей адыгэхэм? Дапщэ ахэр адрей адыгэ лъэпкъхэм (шэрджэсхэм) кьащыхэщхьэхуэкIар? Сыт абы и щхьэусыгIуэр, сыткIэ щэрыуэт Къэбэрдей къэралыгъэр курыт лэщIыгъэхэм?

Апхуэдэ упщIэхэм жэуап ирет Хьэутэкъуэ Самир и къалэмыпэм кьыщIэкIа «Цивилизация Кабарды» тхыльым - иджыблагъэ ар кьыщыдэкIащ Петербург университетым и тхыль тедзапIэм.

Пэублэ псалъэм техяжьи щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шыхъуэстэн Борис - (тхыльыр абы и мылькукIэ традзащ) щыкIэ Хьэутэкъуэ Самир и лэжьыгъэ хьэлэмэтым нобэрей щIэблэм джкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. АбыкIэ акьылэгъуэ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Дьяков Николай - абы и пэублэ псалъи итщ тхыльым. Дьяковым зэритхыжьу Самир дя пащхьэ кьрилъхьащ иджыри кьэс дызыщымыгъуэза тхыдэ хьыбар гъэщIэгъэн куэд - Къэбэрдеймрэ гъунэгъу кьэралхэмрэ курыт лIэщIыгъуэхэм я зэманым зэхуаIа зэпыщIэныгъэхэм, я хэкум и хуитыныгъэр яхьумэу къэбэрдейхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэм теухуауэ. Лыигъажэ зауэм хэхутэ зэпытурэ кьыздэзгъэгурыкIуэм, къэбэрдейхэм яхуэзэфIэкIащ щэнхабзэ лъагэ зэрагъэпэщын - абыкIэ зэрыщIэу дыдэ щыхьуащ щытащ Кавказым кьуэдкIэ куэдми. Ар щынэрылъагъущ Хьэутэкъуэ Самир и лэжьыгъэхэм?

Хьэутэкъуэ Самир адыгэ тхыдэтх щIэрыIуэщ, абы и Iэдакъэм кьыщIэкIащ «Шэрджэс мамлюкхэр», «Шэрджэсым и тхыдэ», «Адыгэ жыг хадэхэр» тхыльхэр, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэуныр кьыззыгъэпэщ и Іуэхущ1апIэхэр 2008-2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнымрэ, Тырныауз кьалэм и хьбл1э щхьэхуэхэм щащI котельнэхэр ухуэныр зэфIэгъэкIыным трагъэкIуэдэну ауэрэ яхуэхъунымрэ Іуэхукъ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 15 *№154-ПП*

Псэуныр кьыззыгъэпэщ Іуэхущ1апIэхэр 2008 - 2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнум и пIалъэм кьриубыдэу хуэгъэхьзырыным мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш1:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ чэнджэщ гъэхъэнэ:

социальнэ Іэнат1Iэм и Іуэхущ1апIэхэр 2008-2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьзырыным и Іуэхук1э» «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2008-2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнум хуэгъэхьзырыным и Іуэхук1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кьыдигъэкIа У нафэ №84-ПП-мкIэ кьишта планым тету ирагъэкIуэ1 лэжьыгъэхэр щIагъэуэбжьыну;

электрокъаруэр хуабжьу кьыззыгъэпэщ организацэхэр бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнум зэрыхуэхьзырыр кьызэралыт Положенэм зэриттым хуэдэу, псэунIэ фондыр, хуабжьу кьыззыгъэпэщ Іэнат1Iэхэр зэрыхьзырымкIэ актхэмрэ паспортхэмрэ (СО 153-34.08. 105-2004) 2008 гъэм жэпуэгъэуи и 1-м нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэунIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм ирагъыну.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ биоджетым щыхэпIэжкIэ кьиIыстэну:

2008 - 2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьзырымкIэ лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ «Биоджет зэхуакъ трансфертхэр» Іыхьэм «Урысей Федерацэм и субъектхэмрэ муниципальнэ щIынальхэмрэ я биоджетхэм папщIэ субсидиехэр» (биоджет зэхуакъ субсидиехэр) и кьуэдзэм и хэщIэкэ сом мелуан 564-кIэ нэхьыбэ щIын зэрыхуейр (хущIагъуэжьну ахьшэр муниципальнэ щIынальхэм зэрытегушIэр мы Унафэм щIыгъуу);

гидроэлектростанц мынкIэм я проект-сметэ документацэ гъэхьэзырыным 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ биоджетым и «Льэпкъ экономикэр» разделым и «Гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексыр» разделкъуэдэм биоджет ахьшэу планкIэ щIыхуахаха сом мелуан 30-р Іуащ1ъэмахуэ муниципальнэ районым и Тырныауз кьалэм и хьбл1э щхьэхуэхэм котельнэхэр щыгъэувыным зэрыхуэунэтIныпхъэр;

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэунIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм (Уянаев К. Хь.- М.) хуэгъэувын « 2002 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэунIэ-коммунальнэ Іэнат1Iэм зэхъуэкIыныгъэ щегъэкIуэкIыным, ар кьэгъэщIэрэщIэкIыным теуауэ республикэ программэ хэхуэу 2003 гъэм мазаем и 11-м кьыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №22-РЗ-мкIэ кьащтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьаным и Іуэхук1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэм и проектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьыщыхилъхьну икIи зэрыхуэфащэкIэ ахьшэр щIэрыщIэу тегушIэжьын зэрыхуейр абы кьыщигъэльэгъуну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэ Чеченов А.А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьалнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЭПЛ1ЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м кьыдигъэкIа Унафэ №154-ПП-м и гуэдзэн

ПсэунIэ-коммунальнэ Іэнат1Iэм и Іуэхущ1апIэхэр 2008 - 2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнум хуагъэхьзырын папщIэ кьишэу яхущIагъуэжьин хуэщIагъуэ ахьшэр зэрытрагъашэр

сом мкIн

№	Кьалэ округым, муниципальнэ районым зэреджэр	2008 - 2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьзырын папщIэ кьишэу яхущIыгъуэжьин хуэйр зыхуэдизыр			
		Псори	абы щыщу:		
			хуабжькIэ кьызэгъэпэщыным	псыкIэ кьызэгъэпэщыным	псэунIэ фондым
1	Бахъсэн муниципальнэ район	**5460,0**	2210,0	2800,0	450,0
2	Дзэлыкъуэ муниципальнэ район	**4251,0**	2350,0	808,0	1093,0
3	Лэскэн муниципальнэ район	**2446,0**	2204,0	242,0	0,0
4	Май муниципальнэ район	**2386,0**	800,0	1586,0	0,0
5	Прохладнэ муниципальнэ район	**4265,0**	0,0	4265,0	0,0
6	Тэрч муниципальнэ район	**4956,0**	1161,0	800,0	2995,0
7	Аруан муниципальнэ район	**6649,0**	2049,0	1600,0	0,0
8	Шэджэм муниципальнэ район	**4184,0**	3520,1	663,9	0,0
9	Шэрэдж муниципальнэ район	**3009,0**	1345,9	880,4	782, 7
10	Іуащ1ъэмахуэ муниципальнэ район	**2096,0**	950,0	1146, 0	0,0
11	Бахъсэн кьалэ округ	**5292,0**	1260,1	4031,9	0,0
12	Налшык кьалэ округ	**7215,0**	4825,0	2390,0	0,0
13	Прохладнэ кьалэ округ	**7212,0**	2060,0	2188,0	2964,0
	Псори зэхэту	**5621,0**	**24735,1**	**23401,2**	**8284,7**

Бахъсэндэсхэм я псэукIэм щыгъуазэ зещI

● Депутатхэр

ИДЖЫБЛАГЪЭ езым и хэхакIуэкэм Налшык кьалэм щалуща нэужь, Урысейм и Бахъсэн Думэм и депутат Щхьэгъуэш Адэлбий Бахъсэн кьалэ округым щыхьэщIащ. Хьэщ1э пIалэр ирагъэблагъащ Бахъсэн кьалэ Советым и тхьэмадэ Атпэнэс Юрий, кьалэ администрацэм и Іуэхуэр зезыгъакIуэ Зеущэ Хьэмид, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Бахъсэнавтотрансакционер обществэ» зэІуэхам и унафэщI Кьаныкьуэ Мусэбий, «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и кьудамэм и унафэщI Степанов Анатолий сымэ.

Щхьэгъуэш Адэлбий сосэм ящыщIэ администрацэм и лэжьакIуэхэм яІущащ. ЩIыпIэ властым и ильыкIуэхэм щепсалъэ, абы кьыхинчащ кьэралым нэхъ щэщIагъэ знужьын папщIэ. «Зыуэ щыт Урысей» партым и зэрыдэмыгъэ и щIыхьымрэ зэпымыууэ кьэЗэтын зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иІэщ партым и щIыпIэ кьудамэр кьалэм, абы кьедза кьуажьэхэм дэсхэм зэрадэлажьэм, властымрэ щIыхьымрэ зэпэзгъуэныр. Къэрал Думэм и депутатыр щIэупщIащ м и зэманым Бахъсэн кьалэм, абы кьыхьэ Дыгулыбгъуэй кьуажьэм кьапэщIыт кьалэнхэм, кьапщтэмэ, «Волжанин-КъБР» заводыр, «Бахъсэн» сабий зыгъэпсэхупIэр зэрыгъэлажьэм, мы щIынатIэм щIыхьэпсыи и щытыкIэм, кьалэр, абы хьыхь и кьуажьэр псыкIэ кьызэрызэрагъэпэщым, гъуэгуэгр зэращIым, нэгъэщIэмэ.

Нэхъ ныжькIэ Щхьэгъуэш Адэлбий епсэпъащ Бахъсэн кьалэ округым щыпсэухэм ящыщу депутатым Іущ1эн папщIэ зезыгъэтхауэ щытахэм. Ар гупытрэ хэпъу едэІуащ зыкьыхуэзыгъэзэ дэтхэмэ зы щIыхуэм и тхьэусыхатэм икIи и Іэпэ кьызыпекIуэкIыну щIэ Іуэху псори зэфIигъэкIыну кьигъэгугъащ.

Псори дыз эрыщIагъуэазэщи, предприятиемрэ иджыпсту псэупIэр щызэпэуфыдащ. Бахъсэндэсхэм я нэхъыбэмэ депутатым зыщIыхуагъэзар аращ. Апхуэдэу абыхъэм щIэтэщ гъэзыр зэрыльапIэм, ирафын псы зэрахуримыкIым, лэжьапIэншэхэр зэрыкуэдым, медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэм щIатын ахьшэ зэрамыIэм пыщIа Іуэхуэрэр. ПсэупIэ и лъэныкъуэкIэ мы зэманым ЩIхьэгъуэш Адэлбий хэкауэ щIыхуэхэм зэрадэмыІэпыкъуфынур кьыхинчэщащ, ауэ адрей Іуэху псомкIи ядэІэпыкъуну, уеблэмэ езым и мыльукъуки щIыхуэхэм защIигъэкъуэну кьигъэгугъащ. Псалъэм кьыдэкIуэу жьаІэнащ, а махуэм депутатым фIыщIэ псалъэкэ жраІэн папщIэ кьэкIуат ар нэхъ апэкIэ зыдэІэпыкъуэуэ щыта щIыхуэрэр.

Бахъсэн кьалэ округым и администрацэм и лIыкIуэхэр Къэрал Думэм и депутатым фIыщIэ хуащIащ мыхьэнэшхуэ зиІэ псалъэмакъ зэрыригъэжьэжьаІэн папщIэикIи езыр зыпэрыт Іуэхум екIуэлIэныгъэ хэхуэщ зэрекIуэкIыр. Абы кьыхэкIыуи хуэхакIуэхэм пIалъэу илъэситI ящIащ. А зэманым кьриубдэу кьанэ щымыIэу псори зэфIэкIыкIым хуейщ. Дыз эрыгат илъэсым федерал, республикэ биоджетхэм а Іуэхуэгъуэхэм сом мелуан хэIэбэ кьэмыгъэхъуныр.

Советыр хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ я Іэнат1Iэм законхэр зэрыщагъэзащIэм КIэлыплIынущ, законодательствэр егъэфIэкIуэным пыщIа Іуэхуэхэм хэпIэнущ.

Советым и унафэщIэ республикэм и прокурорыр. Абы хохьэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм, хьэрычэт Іуэхум пымыщIа зэгуэныгъэхэм, Урысейм и промышленникхэмрэ хьэрычэт Іуэхум хэмрэ я щIыналъэ кьудамэм, республикэм и кьэрал властым и органхэм я лIыкIуэ- хэр. Советым и зэІущIэ- хэр хуэй щыхъум ирихьэлIэу, ауэ мазищым зэ нэхьрэ мынэхъ мащIэр ирагъэкIуэкIынущ.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

● КъБР-м и щыхьэрым

Налшык нужьрей нтъэсхэм дащIыхьа фэеплъ сыным Брамтэ хьэблэр егъэдахэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Аруан куей

Гъэ еджэгъуэщIэм зыхуагъэхьазыр

Аруан куейм и курыт еджапIэхэр еужьэрэкIыу гъэ еджэгъуэщIэм хуагъэхьазыр.

АХЭР зыхуей хэгъэзэным кьрат бюджет ахьшэр зэрымащIэм кьыхэкIыу, адэ-анэхэрэ кьадоIэпыкъу. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм я мызакъуэу, районым ухуэныгъэ щхьэхуэхэри щынагъэс. Пысыкуэл кьуажьэм дэт курыт еджапIэм кьыпащIыхьыр Іыхьэр яух. Абы хэтынущ спорт, актовэ залхэр, щхапIэ, Аруан кьуажьэм и НЩДСмрэ Кьэхъуэр дэт 5-нэ курыт еджапIэмрэ я унащхьэкIэ щIэкIэ зэрахъуэкI. Мы лэжьыгъэхэм текIуэдэну ахьшэр республикэ бюджетым кьыхагъэкIащ. Аруан куейм и кьалэ, кьуажьэ курыт школитхэм мы илъэсым кьаІэрыхьэнущ кьэрал бюджетым щыщ («ЩIэнагъэ» пъэпкъ проектым ипкъ иту). Апхуэдэу Нарткъалэ дэт е 2-нэ курыт еджапIэм иратынущ сом мелуани 3-м щIигъу. Ар трагъэкIуэдэнущ унащхьэм, псы зрикIуэ бжьамийхэм, спорт залымрэ щхапIэмрэ зыхуей хуагъэзэным. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьэкIынущ Старэ Шэрэдж, Джэрмэщык дэт школхэм.

ЖАНХЪ УЭТ Зуэз.

● Прохладнэ куей

ЖылапхъэфI уиIэмэ

Прохладнэ куейм и «Роксана» ООО-м нэхъ гъавэ бэв кьезыхьэлIэжа нобэ республикэм кьыщигъуэтызгъуейщ. Мыбы бжьыхьэсэ, Іватхасэ гуэдзу гектар мини 2-рэ 20-м нэблагъэ хисатI, зы гектарым хуэзэу центнер 40-60 кьытрихащ.

ІЭЩIАГЪЭIIХЭМ кьыззэралытэмкIэ, апхуэдэ гъавэ бэвыр кьызыпэкIуар жылапхъэфI зэрал1эрщ. Абыхэм ящыщщ «Княжна», «Михайло», «Самсон», «Юбилейная-100» лIэуэ-щIыпIэ. Иджыпсту щыщIэдзауэ бжьыхьэсэ жылапхъэхэр ещIэ и гъавэм кьыхэкIыу ягъэтIысыпхъ икIи зи пIалъэ ямыщIэ жылэхэр нэгъуэщI щIыпIэ кьыщащэху нэхърэ, ар нэхъ игъуэу кьалытэ. ЖылапхъэфI гъэтIылъным кьыдэкIуэ, «Роксана» ООО-м гуэдзыр кьызыприхьыжа щIыр евэ. Дызытехьэ 2009 гъэм зызыгъэпсэхуну гъавэщIапIэ Іыхьэхэри ягъэбелджылащ. Апхуэдэхэм езыр-езыру кьыщыкIуэ удз щхьэантIэр кьыгъахьыжа мыхьэуэ, щIым хуХаха сэгъэуэ пIалъэр кьэмысауэ еІуэснукъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Бахъсэндэсхэм я псэукIэм

● Депутатхэр

ИДЖЫБЛАГЪЭ езым и хэхакIуэкэм Налшык кьалэм щалуща нэужь, Урысейм и Бахъсэн Думэм и депутат Щхьэгъуэш Адэлбий Бахъсэн кьалэ округым щыхьэщIащ. Хьэщ1э пIалэр ирагъэблагъащ Бахъсэн кьалэ Советым и тхьэмадэ Атпэнэс Юрий, кьалэ администрацэм и Іуэхуэр зезыгъакIуэ Зеущэ Хьэмид, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Бахъсэнавтотрансакционер обществэ» зэІуэхам и унафэщI Кьаныкьуэ Мусэбий, «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и кьудамэм и унафэщI Степанов Анатолий сымэ.

Щхьэгъуэш Адэлбий епсэпъащ Бахъсэн кьалэ округым щыпсэухэм ящыщу депутатым Іущ1эн папщIэ зезыгъэтхауэ щытахэм. Ар гупытрэ хэпъу едэІуащ зыкьыхуэзыгъэзэ дэтхэмэ зы щIыхуэм и тхьэусыхатэм икIи и Іэпэ кьызыпекIуэкIыну щIэ Іуэху псори зэфIигъэкIыну кьигъэгугъащ.

Псори дыз эрыщIагъуэазэщи, предприятиемрэ иджыпсту псэупIэр щызэпэуфыдащ. Бахъсэндэсхэм я нэхъыбэмэ депутатым зыщIыхуагъэзар аращ. Апхуэдэу абыхъэм щIэтэщ гъэзыр зэрыльапIэм, ирафын псы зэрахуримыкIым, лэжьапIэншэхэр зэрыкуэдым, медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэм щIатын ахьшэ зэрамыІэм пыщIа Іуэхуэрэр. ПсэупIэ и лъэныкъуэкIэ мы зэманым ЩIхьэгъуэш Адэлбий хэкауэ щIыхуэхэм зэрадэмыІэпыкъуфынур кьыхинчэщащ, ауэ адрей Іуэху псомкIи ядэІэпыкъуну, уеблэмэ езым и мыльукъуки щIыхуэхэм защIигъэкъуэну кьигъэгугъащ. Псалъэм кьыдэкIуэу жьаІэнащ, а махуэм депутатым фIыщIэ псалъэкэ жраІэн папщIэ кьэкIуат ар нэхъ апэкIэ зыдэІэпыкъуэуэ щыта щIыхуэрэр.

Бахъсэн кьалэ округым и администрацэм и лIыкIуэхэр Къэрал Думэм и депутатым фIыщIэ хуащIащ мыхьэнэшхуэ зиІэ псалъэмакъ зэрыригъэжьэжьаІэн папщIэ икIи езыр зыпэрыт Іуэхум екIуэлIэныгъэ хэхуэщ зэрекIуэкIыр. Абы кьыхэкIыуи хуэхакIуэхэм пIалъэу илъэситI ящIащ. А зэманым кьриубдэу кьанэ щымыІэу псори зэфIэкIым хуейщ. Дызэрыт илъэсым федерал, республикэ биоджетхэм а Іуэхуэгъуэхэм сом мелуан 160-рэ хухахынущ.

ИужькIэ щIыналъэм и премьер-министрым зригъэльэгуащ. Щхьэгъуэш трагъэхьэ щIыпIэхэр хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ я Іэнат1Iэм законхэр зэрыщагъэзащIэм КIэлыплIынущ, законодательствэр егъэфIэкIуэным пыщIа Іуэхуэхэм хэпIэнущ.

Советым и унафэщIэ республикэм и прокурорыр. Абы хохьэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм, хьэрычэт Іуэхум пымыщIа зэгуэныгъэхэм, Урысейм и промышленникхэмрэ хьэрычэт Іуэхум хэмрэ я щIыналъэ кьудамэм, республикэм и кьэрал властым и органхэм я лIыкIуэ- хэр. Советым и зэІущIэ- хэр хуэй щыхьэм ирихьэлIэу, ауэ мазищым зэ нэхьрэ мынэхъ мащIэр ирагъэкIуэкIынущ.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хьэрычэтыщ1эхэм къащхьэщож

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и дежкIыщIэзэрагъэпэщащ хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ кьащхьэщыжа. А унафэр зыхуэзэнтIар хьэрычэт Іэнат1Iэм пэрытхэм я хуитныныгъэхэмрэ я сэрэп зыхэлъэмрэ хьэмэныр кьызэрэпэщащ зэрыхъуэ хуэныгъэхэр. ПсэупIэ и прокурор кIэлыплIынущIэм сэрэпу кьинхьым хэгъэхьэныр.

А советым и лэжьакIэр кьызэрыпэзрагъэпэщым теухуа положенэм кьыщыгъэлъэгъуащ хьэрычэт Іэнат1Iэм зэрыкIэлыплIыр зэІуахуэ, щIыхуэр щыгъуазэу зэрыратъэкIуэкIыныр. Апхуэдэу абы еубзыху советым и унафэм хиубыдэ Іуэхуэхэр.

Советыр зэпымыууэ лажьэ чэнджэщгъэу ограниц. Абы и зэфIэкIыр зыхуэунэтIауэ щытыпхъэр хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ я Іэнат1Iэм законхэр зэрыщагъэзащIэм КIэлыплIынущ, законодательствэр егъэфIэкIуэным пыщIа Іуэхуэхэм хэпIэнущ.

Советым и унафэщIэ республикэм и прокурорыр. Абы хохьэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм, хьэрычэт Іуэхум пымыщIа зэгуэныгъэхэм, Урысейм и промышленникхэмрэ хьэрычэт Іуэхум хэмрэ я щIыналъэ кьудамэм, республикэм и кьэрал властым и органхэм я лIыкIуэ- хэр. Советым и зэІущIэ- хэр хуэй щыхьэм ирихьэлIэу, ауэ мазищым зэ нэхьрэ мынэхъ мащIэр ирагъэкIуэкIынущ.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.



Ухуэныгъэхэр щIагъэпсынщIэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и премьер-министр КъумпIыл Мурат иджыблагъэ кьыззэхихIуэхащ Мейкъуапэ районым щекIуэкI гуэныкъуэхэр, ар бжьымайхэр зэрыщагъэдимрэ IIкъэгъащIэ ящIыгъуу зыльмыжыр зэдынагъэсамрэ зригъэльэгъуащ.*

КИЛОМЕТР 38-рэ и кIыхьагъыу якъуэдиг газ бжьамийхэм зэпащIэнущ Краснооктябыр, Каменномост жылагъэхэр. Кьыхэдгъэщынщи, щIыналъэм и турист зекIуапIэхэм хиубыдэу ялытэ, кьуажьэхэм я зэхуэдитIым щыгъэ я3кьым.

КьумпIыл Мурат ильэгъуаІэхэмкIэ арэзы зэуакъым: лэжьыгъэхэр хуэмуц зэрекIуэкIыр. Абы кьыхэкIыуи хуэхакIуэхэм пIалъэу илъэситI ящIащ. А зэманым кьриубдэу кьанэ щымыІэу псори зэфIэкIым хуейщ. Дызэрыт илъэсым федерал, республикэ биоджетхэм а Іуэхуэгъуэхэм сом мелуан 160-р хуэзэ кьэмыгъэхъунырэ.

Ижькъ1э щIыналъэм и премьер-министрым зригъэльэгъуащ. Щхьэгъуэш трагъэхьэ дъэмыжыр. Абы сом мелуани 2,5-рэ трагъэкIуэдэнущ.

Апхуэдэуи КъумпIыл Мурат щыІащ Адыгейкъ кьалэм. Абы дэт сымаджэщыр, курыт еджапIэр, псыр зыгъэкIэфIэну ухуэныгъэитIр федерал программэ щIэхэуэм хэхуэхэм ящыщу.

Мыбы щIилъэгъуаэхэмкIи арэзыкъым премьер-министр.

Лэжьыгъэхэр щIэзэфIагъэкIын хуей пIалъэм фIыуэ кьыкIэроху.

Сочи нэхъ кьыхах

АБХЪАЗ. *Курэжы-осетин, курэжы-абхъаз зэпиІуэгъэныгъэхэр кьызэрызэщIэпхъэжьа кьыжьIыу. Абхъазым зыщыгъэзэгъэхуну кIуэ туристхэм я бжьыгъэм фIыуэ кIэрыхуащ.*

«РОЗА ВЕТРОВ-ЮГ»туристфирмэм и лэжьакIуэхэм зэрыжаІэмкIэ, Абхъазым и курортхэм, турист щIыпIэхэм зы щIыгъэпсэхуну путевкэ кьэзыщIэхуаэхэм ахэр ятыж. ЦIыхухэм Сочи кьалэ нэхъ кьыхах хъуащ.

ХЬЭЩIКIЪУЕЙ Олег.

● Тхьдэ

Генерал Инэмыкъуэ Мухьэмэд и гъуэгуанэ дахэр

ИЖЬ-ИЖЬЫЖ льандэрэ Урысейм гульитэщхуэ щыхущI щы ьэжьыфIхэр къэгъэхьуным. Щуэй хьыкьхэр щыкъудт Кавказ Ищхъэрэм. Мы щIыпIэм ис лъэныкъэм, псом хуэмыдэу адыгэхэм, щы дахэхэр, бзыгъэхэр, гъуэгуанэщхуэ зэпымыжьфхэр зынащI щыІэтэкъым. Абы теухуауэ щыІэщ хьыбар, таурыхъ, псалъэжь, псалъэ щэрыуэ Іуджэхэр.

Лыгъэр зи щIасу, ныфIхэр зыхуэщу кьэгъуэгурыкIуа ди адыгэхэм, ильас куэдкIэ еІалIуэрэ, ягъэхьэзырат изгъэщI лъэныкъми фIыуэ кьащIыхуа щы телькIадж1эхэр зэмыдIэужьыгъуэхэр, зыЗэщIэльу щыта щIыхэмрэ уэркъхэмрэ я щIэхэр фIыкIэ зыгъэІуахэр - щолъэхъуэхэр, трамэхэр, лоохэр, кьундетхэр, кьармэхэр, жэрэщтыхэр, абыкьуэхэр, изгъэщIхэрэ.

Адыгэхэм ящыщ куэдкIэ зауэ Іэдакъэ зэрыхэтар, щIэрыІуэ зэрыщыхъэр щууей Іэзэуэщ, зауэлI хахуэущ, дзэщIэ Іущущ. Ди хэкуэгъуэхэм щапхъэфI ягъэльагъэуэ кьулыкъу щащIащ гусар, драгун, кьэзакъ дзэ зэмыдIэужьыгъуэхэм. Я щIыхьыр льагъу я кьулыкъуэхэм ирыратащ адыгэ генералэу Анзор Хьэту, Жмбэч Жантемыр, Щышэ Темыркан, Альтэдыкъэ Тепсэрыкъуэ, Кьэндет Жанхъуат, Хьэгъэудокъуэ Константин, изгъэущI куэдхэм.

Абыхэм ящыщ зыщ нэхъ пыухыкIауэ зи гугъу фхуэтщIынур. Ар щууей хахуэу дзэ кьулыкъуэм хэта, Налшык округым гуанцIафIэу щылэжьа, адыгэш льэкIыр кьэгъэхъуным, Апшей (иджырей Мадрид) щы заводым зегъэужьынным хэлIыфIыкъа Инэмыкъуэ Мухьэмэдщ.

Куэд зымыгъащIэу куэд зылэжьа цIыху гъуэзэджэщ ар. Сыт хуэдэ Іуэху пщэрылъ кьыхуащIами, зи кьэхъуакъым абы гукъанэ кьыщыхуащIа, гурэ нсжIэ и кьалэнхэр щимыгъэзэщIа, адыгэ льэпкъым и сабэм льэхьэкъэр щригъэза.

Мы тхыгъэхэм кьыхэдгъэщыну дыхуейщ Инэмыкъуэр «бгыры жьIэмыдаІуэхэр гъэсабгырыным» зэрыхэмытар. Урысыдэм кьулыкъу щызыщIа куэдым яхуэзэфIэкIакъым ар. Мухьэмэд ибзыщIакъым кьыныхьжIахэм зэран зэрахуэмыхъуфынур, изгъэщI Іэнат1Iэ дзэхэмэм и псэр щигъэтIылъыну зэрыхъэзырыр. Апхуэдэу кьызэрыувам и щIэр зыкIи ригъэхуэхакъым, нэхъри иІэта мыхъумэ. Ар псэуащ, еджащ, лэжьащ адыгэлI икьуэтэм зэрыхуэфащэм хуэдэу - хэткIи гъуаэфIу.

Абаэзэх лъэпкъым щыщщ Инэмыкъуэр. 1839 гъэм кьалъхущ. Павловскэ кIэдет корпусым щрагъэджащ, зауэ хуэІуэхущIэхэм щыхуагъэсащ. И ныбжьыр илъэс 19 хьуа хуэдизыр, корнет щIэ и Іэу, корпусым зыхуеину дерсхэр щигъэтащ. Бел- город щыІэ 12-нэ шы полкым (Австриемрэ пащтыкъ Фердинанд Карл и щIэр зезыхьэу щытам) ягъакIуэ. Зэпэщи и кьулыкъуэр зэрехьэ. Абы щыхьэт тохьэу, хабзэм кьыззэригъэувым хуэдэу, ильэсищ кьэе и кьулыкъуэр, и дамэтельыр зэрыхагъэхъуар. Кьэбгъэльагъэмэ, 1861 гъэм ящIат поручик, 1864 гъэм – штабс-ротмистр, 1867 гъэм - ротмистр. Полкым и гъэсакIуэ командэм и Іэтащхьэу зыкьомрэ щыгъащ, щууейхэм я Іэнат1эр хэгъэхьэныжьмкIэ жуаитащIэу. А Іэнат1Iэм зэфIэкI ин зэрыщIэр кьалытэрэр, 1870 гъэм майор фIэщыгъэр кьратыгъащ. Зы ильэс докIри, Умань кьалэм (Украинэм щыІэ Черкасскэ областым щыщщ) и окружной судым ягъакIуэ. Абы кьэдгъэщамыгъэІэу, «Резервиз» зыкьуаІэу щыта щуудэ бригадэм иредакэ, ящэ эскадроным и командующиуэ зэхуэ. Нэхъ нужькIуэкIэ, Урысей-тырку зауэм зэрыщIидзэу, 12-нэ драгун Стародубскэ полкым и 2-нэ дивизионыр кьыІэщIалъхъэ.

Кьуэдым ящIэ а полкым текIуэныгъэ инхэр зыІэригъэхьауэ зэрыщытар, ди хэкуэгъуэм зауэ гуанцIэхэм лIыкъэ зэрыщыгъэрахьар. Инэмыкъуэм и гъуэсу зауэм кьыдыхэта осетин Кануков Мансур 1877 гъэм, зауэ Іэнат1Iэм щыгъэрихьа лIыгъэм кьыпэкIуэу, пащтыхьым и тыгъэ нэхъ льапIэ дыдэхэм ящыщ зыр - дышэ сэшхуэ - кьратыгъаш. А лIы хахуэм и цIэр зыхэт уэсэ итхыгъащ а полк дыдэм штабс-ротмистру хэта адыгэ щIалэ Серебряков Виктор (Даутокъуэ Хьэжмурат).

Инэмыкъуэм кьрат дамыгъэ льапIэу зыбжанэ: «Аущ Святослав орденым» и ещанэ нагъыщIэр, а орденым и етIуанэ нагъыщIэр, «Аущ Анив орденым» и етIуанэ нагъыщIэр, «Аущ Владимир орденым» и еплIанэ нагъыщIэр, и етIуанэ нагъыщIэр.

Зауэ иэужьым, полкоминк цIэр кьыфIащуаэ, кьагъакIуэ Малкэ кьыщыззрагъэнэща шы заводым, а зэманым «Тэрч завод щэщ» жьыхуаІэу щытам.

ИлъэсищIкъуэдизкIэ щыгъэжьат Инэмыкъуэр мы заводми, хабзэ зэрыхуэхьуаІэу, псэемыблэжьу пэрытащ и Іэнат1Iэм. Щы льэпкъыфIэхэр кьызэригъэхьуным, лэжьакIуэхэм, Іущ1агъэлIхэм зэрахуэщхьэнэщым ину егугъащ, и екъуэлIэныгъэхэр кьалыхъуэу, кьудым ящIэ кьыхуащIу кьзгъэуэрыкIуащ.

Дэ дыщыгъуэзакъым Инэмыкъуэм и гъащIэм щыта Іуэхугъуэ кьудым. Тхыдэм и дэфтэрэм кьыгъэуІуэгъэжьар мыращ. 1894 гъэм сымаджэ хъурэ, и лжьапIэм кьыІуагъэкIыну, пенсэ хуагъэувыну лъэІуат. ИкIи кьагъэщIэхъуакъым. Тхыгъэхэм кьазэрыхъэщымкIэ, Инэмыкъуэ Мухьэмэд кьыхуэзарэзыт и унафэщIэхэр, ныкъуэкIэ Урысейм щыІэ управленэ нэхъыщхьэм и Іэтащхьэхэр. Абыхэм ямыгъэгъуэзу зэрыхьэзыра документэхэр щыхьэт зэрытехъэмкIэ, Инэмыкъуэр адыгэт, мусылымэт, Урысейм хьэлэлу хуэлажьат, ныкъуэсанигъэ гурэ далъэгъуэгъэкъым, генерал-майор фIощыгъэр, пенсэ хьарыкIыну (сом 860-р а зэманым мылькъушхуэт) хабзэм кьызэригъэувым тету кьилажьат.

Мухьэмэд унагъуэ хьуат, осетин кьулыкъущIэ Тулатов Магомет ипхьу тхьэIухудыр кьыдэкIуат, ауэ быи пIауэ кьыщIэкIыныкъым - абы теухуауэ тхьмль гурэм дгъэтакъым.

Ди жагъуэ зэрыльэпащIи, кIэщIт Инэмыкъуэм и гъащIэр. Илъэс 54-рэ кьудейщ ар зэрыпсэуар. Щылар Санкт-Петербургщ. А кьалэм дэтэ мусылъмэныкъхъэм, адыгэ зэущIакIуэшхуэ Нэгумэ Шюри иужьрей хэщIапIэ хуэхъуам, щыщIалъхъэгъащ.

Инэмыкъуэ Мухьэмэд кьыщылъхуа Адыгейщи, щылэжьа Къэбэрдейми дахэу-дахэу зи щащIэжьркъым. Ар захуагъэжьыну. Апхуэдэ щIыхуэ гъуэзэджэхэм я цIэхэр ди тхыдэм дыщэ хьэрфхэмкIэ хэтхаихъэщ, я фэепльэхэр зэи щIыхубэм зыщигъэгъупщэн хуейкъым.

КъЭЭАКЪ Аслъэн,
тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат.

● Гу зылъытапхъэ

Къэралыгъуэ махуэр гъэлъэпIэным зыхуагъэхьазыр

Зауэмрэ лжьыгъэмрэ я ветеранхэм я хорым зыкъыщIэгъэльэгъэнущ

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Флориндэ штатым щыпсау, ныкъыпсим пошъомендежеру щыта, идыкъи пенсионер Местас Джо Кавказым къыхэрыкIуэу кьыгурыIуащ зауэр зэхэзыубгар хэтми. Американым Владикавказ щепсэльащ

«Известиехэм» я гъэжьакIуэ Гритчин Николай.

- Уэ куэд щIауэ Осетием ущыIэ?

- Тхьэмахуэ зэхуаку хьуауэ. Зауэм щIимыдзэ щIыкIэ Осетие Ипщэм сыкIуащ. А щIыналъэм и Джавэ кьуажэм щыIэт си щхьэхуитуэ Жаннэрэ илъэситху ныбжьым ит сипхъу Сандрэрэ. Аэр мазищ хьуауэ фызым и адэ-анэм я дежь щIыхьщIэрт.

- Уэ уи щхьэгъуэсэр осетинкэ?

- НтIэ. Абы и адэ-анэхэм Царитов уиэцIэр зэрахьэ. Иужь илъэсхэм сэ абыхэм я деж пIэнейрэ сыщыхьэщIащ, псори зэхэту илъсым нэблагъэкIэ Осетие Ипщэм сыщыпсэуащ. Хэбгъэзыхьмэ, сэ а республикэм и цIыхум и паспорти сиIащ. Осетинхэр хуабжьу цIыху гуапэхэщ. Абыхэм пэкьигъэ яхэльщ. Кьэвэн яфIэфIкым.

- Уи щхьэгъуэсэмрэ уипхъу цIыкIымрэ здэщыIар зауэр щекIуэкIа щыпIэхэм хиубыда?

- Куржым и бомбэзехьэ кхъухьлъатэ хэм ящыщым Джавэ щридзыха бомбэр си щыкIу адэмрэ си щыкIу анэмрэ я унэм метр 200 фIэкIа пэмыжыжьэу кьыщыкъуащ, щхьэгъубжэ абджэхэр хиуду. Жаннэрэ Сандрэрэ кьыщIэпхъуахэм я гъусащ, хьэпшыпи документи кьащтэну хунэмысыуэ. Жаннэ си дежь нэпсэтыащ гъыуэ. Сэри хуабжьу сыгужьеят. Си унагъуэм зыгуэр кьыщыщIамэ, Тбилиси сыкIуэнти, Саакашвили кьэзгъэтынт.

- Сыт щхьэкIэ?

- Абы и жэуап сэ уэстынкым. Арыншыами, псори гурыIуэгъуэщ.

- Уэ уи щхьэгъуэсэмрэ уипхъу цIыкIымрэ уадэIэпыкъуфа?

- Си цIыхугъэ гъунапкъэм зэпрыкIти, арэзы хьуащ сэри сыздыщIигъну. Абы кьыщIыгъэтыжащ Жаннэрэ Сандрэрэ. Абыхэм ящIыгъут я гъунэгъум и сабийхэр. Сэ аэр таксикIэ Владикавказ кьэсшащ. Си щхьэгъуэсэм Джавэ игъэззэкри, мыгувэу кьыкIуэжащ и адэ-анэр щIыгъуу.

- Дэнэ фыкъыщIувыIар?

- Си щхьэгъуэсэм и шыпхъум Владикавказ пэшищ хьу фэтэр щиIэщ. Абы зэкIэ дыщопсэу. А фэтэрым цIыхунбл дыщIэсщ.

- Мы зауэм теухуауэ сыт жыпIэфынт?

- США-мрэ КъухьапIэ къралхэмрэ я пропагандэм игъэвэр пщIы зэфхэзэщIащ. Агрессиер Осетиемэр Урысеймрэ зэхаублакъым. Ар псоми ящIапхъэщ. Бущ Джорджрэ Саакашвилирэ жэуап яхьын хуейщ. Мыр зауэ кьудейкым, атIэ зауэм нэхърэ нэхъ Iенжщ. Зауэм и деж сэлэтыр езым дежьи нэпсэтыащ зауэлIым йоуэ. Куржыхэм сабийхэри цIыхубзхэри зэтраукIащ. Си цIыхугъэфIхэм кьыжажIащ куржы танкхэм осетинныкъэри зэрызэтракъутар.

- Америкэм бгъэззэжмэ, пIэзгъуамрэ уи нэгум щIэкIамрэ жыпIэжыщ?

- ФIэкIыпIэ имыIэу. Сэ электрон пощткIэ Кондолиззэ Райсрэ ОБСЕ-м я генщIымрэ захуэзгъэзащ.

- Дапщэщ Флориндэ щыбгъэзэжыщ?

- ЗэкIэ сщIэркъым. Си щхьэгъуэсэр хуабжьу мэгуфIэ. Сэ аэр таксикIэ Владикавказ кьэсшащ. Си щхьэгъуэсэм Джавэ игъэззэкри, мыгувэу кьыкIуэжащ и адэ-анэр щIыгъуу.

- Дэнэ фыкъыщIувыIар?

- Си щхьэгъуэсэм и шыпхъум Владикавказ пэшищ хьу фэтэр щиIэщ. Абы зэкIэ дыщопсэу. А фэтэрым цIыхунбл дыщIэсщ.

- Мы зауэм теухуауэ сыт жыпIэфынт?

- США-мрэ КъухьапIэ къралхэмрэ я пропагандэм игъэвэр пщIы зэфхэзэщIащ. КъыкIалъхьэпIэ цIыхубзхэр ящыщ. Абы зэкIэ дыщопсэу. А фэтэрым цIыхунбл дыщIэсщ.

- Мы зауэм теухуауэ сыт жыпIэфынт?

- США-мрэ КъухьапIэ къралхэмрэ я пропагандэм игъэвэр пщIы зэфхэзэщIащ. Апхуэдэу къыдалъхьащ. Ар псоми ящIапхъэщ. Бущ Джорджрэ Саакашвилирэ жэуап яхьын хуейщ. Мыр зауэ кьудейкым, атIэ зауэм нэхърэ нэхъ Iенжщ. Зауэм и деж сэлэтыр езым дежьи нэпсэтыащ зауэлIым йоуэ. Куржыхэм сабийхэри цIыхубзхэри зэрызэтракъутар.

- Америкэм бгъэззэжмэ, пIэзгъуамрэ уи нэгум щIэкIамрэ жыпIэжыщ?

- ФIэкIыпIэ имыIэу. Сэ электрон пощткIэ Кондолиззэ Райсрэ ОБСЕ-м я генщIымрэ захуэзгъэзащ.

- Дапщэщ Флориндэ щыбгъэзэжыщ?

- ЗэкIэ сщIэркъым. Си щхьэгъуэсэр хуабжьу мэгуфIэ. Абы и адэ-анэм щхьэкIэ. Абы и адэ-анэм щхьэгъуэ куэд диIэщ я псэупIэхэр яфIэкIуэдауэ, мафIэм исауэ. Си ныбжьыгъэ сепсэльащ Цхинвали зи щхьэхэр кьыщезыхьэжьа цIыхубзхэм. Абыхэм жаIэжам тепщIыхьмэ, Саакашвили Гитлер нэхъ нэхъыкIэщ.

АЛЕКСАНДРОВИЧ Джозеф.
«Известия»

● Ди псэлъэгъуэхэр

Саакашвили Гитлер нэхърэ нэхъыкIэщ

«Северный Кавказ» газетым и ущIэхэм жэуап кьезытар Мартагов Русланщ. Апэ щэщэн зауэм и зэманым ар Дудаевым и тельхьэу щытащ, абы и правительствэм печатымрэ информацэмкIэ министру хэтащ. ИужькIэ сепаратистхэм апэщIэуващ, Дудаевым, Масхадовым, Басаевым апэщIэтащ. Инкерием и щэрихьэт судым унафэ ищIат ар яукIыну.

- Зауэщхэм щыщIидзэну зэманыр кьэсащ» тхыгъэм («СК», №25) уэ щыжыбоIэ Кавказ Ищхъэрэм щытыкIэр щыIэхэзэрыхьыну лъэхъэнэр кьэбдгъбау?...

- Пэжщ, щытыкIэр апхуэдэщ. Ауэ гу лыьфтэну сыволъэу: щытыкIэр зэхэзэрыхьыну кьудейкым, ар ээхагъэзэрыхьыщ.

Апхуэдэу урагъэгупсыс федерал центрым иужьрей илъэсхэм ди щIыналъэм ехьэлIауэ ипэжь лъэпкъ, кадр, политикэ, финанс Iуэхухэм. 1991 гъэм и бжьыхьэм кьыщIэдзауэ Шэщэн Республикэм щекIуэкIа зауэм, зэрызэхьэм цIыху минипщэкIэ хжыуэдащ, минипщэкIэ ныкъуэдыкъуэ хьуащ. Кьуаужэкъмэ эхьалхэмрэ зэхэзыхуащ. Сабий минхэр кьэнащ зэиншэу. ЦIыху минипщIэм республикэр ябгьинащ. Ахэр бжьыгъэ шынагъыжьэ?!

Апхуэдэ Iуэхухэм «я Iэпэгъущ» жыхи хаутIыщхьа доллар мелардкуэд, зэм зэуэным, зэм якьутахэр зэрэзэгъэзэжыным, иужькIэ аргуэру зэуэным, якьутахэр аргуэру зэфIэгъэувэжыным трагъэкIуэдауэ.

Хэт жиIэфын апхуэдэм кьытримыгъэззэжын папщIэ аз кьыхьэжьа щхьэусыгуэхэм ди къэралым зыгуэр щегупсысауэ? Кьэхъуар кьыдыхэкIар кьахута? Хамэ унафэщIымрэ икIи псори зэпэщэчауэ а щхьэусыгуэхэм бгъэдыхьа комиссэ кьыдэрагъэпэща? Iэщэрэ ахьшэкIэ сепаратистхэм защIэзыгъэжьауэм и ешхьлэнхэр Iэпэдэгъэпэ зыщIу сепаратистхэм я мурадхэр кьеэзыгъэхъулIаХэм я цIэхэр кьраIуа?

- ЗэрыгтщIэжымкIэ, зэгуэр Кьэрал Думэм щылэжьауэ щытащ Говорухиным и комиссэр...

- Говорухиныр ауэ жьыжьэуи политикъым. Абы и комиссэр нэхъ зэщхьу щытар мафIэм пэгъунэгъуэ кьафэ жэщ хьэндрабгъуэщ - ГъунэгъуэщIым хуиущIыну хуейщ, ауэ кьыльигъэнкIэ мэшынэ. Пэжщ, а комиссэм кьихуэта языныкъуэ хьэлIэххъуэкIагъэ хэзм уагъэр уIэрэзыр т. Ауэ зыри кьикIакъым. ШэпхъаджагъээхэУ минэр япэжьащ, ауэ зыри кьэнащхькъым! Зыри! АрщхьэкIэ мы делагъэм икIи напэтехьым папщIэ кьыльыкъуэмрэ дамыгъэхэмрэ зратахэр куэдыкIащ.

Кьуаншэр кьыщагъуэтар фокIадзэм и 11-м и уэкIэIащ. Американхэращ жызыIар. КьыззэрыщIэкIамкIэ, псомкIи кьуаншэр Бен Ладен гуэррэ дунейпсо терроризмэмрэщ! Белджыныы хьуащ 1991 гъэм и бжьыхьэм Москва ирашу Грозныэм Iэщэ къудыкIей езыгъэзащэ хэтми, 1992 гъэм и гъатхэм советыдзэхэм зэкIэлъэныкъуэ Iэшэнымы щыIа Iэщэ псори щIыналъэм кьинэным теухуа унафэ зыщIари.

КьызэрыщIэкIамкIэ, бен Ладенщ Кремлым щыIхьэу 1992 гъэм и фокIадзэм ООН-м и мамырщIэкъуэку Боснием Дудаевыр щызэбыдахэм телефонкIэ епсэльар, езыхэм я цIыхур кьаутIыщыкъым, 1991 гъэм щегъэжьауэ зауэ Iэхуухэр иухыхуйдэ сепаратистхэм ахьшэ хуаутIыпщыным теухуа унафэ хэм Гайдаррэ Шумейкэрэ я пIэкIэ Iэ щIэзыдзар. Гайдар и фэр зытригъауэри, абы ахьшэр щIыналъэм игъэкIуащ - фегупсысыт! - республикэм и ешхьлэнхэ зыкъэзыIэта республикэм ахьшэ емытынымэ теухуауэ кьыщта унафэм икIи щIыналъэм и пенсионер тхьэмыщкIэхэм эзрадэIэпыкъуну мылЬк у яхуихащ.

Нобэ абыхэм я псэукIэм тепщIыхьмэ, федерал ахьшэм щымысхьахэм я мурадыр дзгъуэу кьайхъулащ.

Мис а Бен Ладен Iеижырщ фе дерал, республикэ влас тхэм я лыкIуэхэм мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щытрадзэ жэщым шэшэн кьуажэхэм бомбэкIэ еэуну унафэ зыщIар. Аращ кьаухъуреихьа боевикхэм зэрыкIуэсэжыну кIэльынбгъэ кьахуэзIыхьар, кьанэ щымыIэу ахэр зэтраукIынымщынэскIэ, зэхэуэхэр зыгъэувыIар.

КьызэрыщIэкIымкIэ, дунейпсо терроризмэщ 1996 гъэм и шыщхьэIум Ханкала Iэщэхэр дашу Грозныэ и Минутк э утым - нэщхъеягъуэ IуэхуэхэмкIэ щIэрыIуэ хьуам - и гъунэгъу уэрамхэм щыхагъэщэну унафэ зыщIар – иужькIэ ахэр яIутэрт боевикхэм. Аращ Iэрыщэ гранатэхэмрэ гранатометхэмрэ хуэфIу зэрыIуть, зи номерыр боевикхэм фIэкIа нэгъуэщIым имыщIэ вагоныр Грозныэ и гъущI станцым езыхэлIар. Апхуэдэ Iэщэм кьаIэм и уэрамхэм ущризэгъну тынщIу.

Дунейпсо терроризэмрэ а щыщхьэIу дыдэм ипщэ зыщIыкъуэмкIэ блокпост 12 зэхуэзэщIар икIи ардыдэмкIэ Басаевымрэ Хаттабрэ я гупхэм Дагъыстаным кIуэ гъуэгур кьахуэзэIуэныкар.

А псомкI нэгъуэщI куэдми сэ грагъэгупсысащ а зауэмкIи кьыдэрагъэхъея Iэмалхэр сыт и лъэныкъэкIи кьыззрызэтенэжам.

- Ижь зэманым уэ сыт щыгъуи утопсэлъыхь. Пингушым щыщыIэ щытыкIэм. Сыт ар кьыдыхэкIыр?

- ЩхьэусыгуэгъэкIуэзэрыгуэкIщ. Зи гугъу пщIы Шэщэным хабззм кьемыззэгъыIэщэкIэ зэщIэуэзэда гупхэр щIыщIэр щIыналъэм щыIэ щхьэусыгуэхэм пыщIащ, Ингушым и Iуэхуэм хагъэхьуэр кьыхоIэбэ, «Аушевым и тельхьэ оппозицэкIэ» зэдждэр я тегъэщIапIэу. Мыбдежьым Iэзагъэшхуэ хэльу кьыщагъэсэбэп цIыхубэр Зязиковым хуэмыарэзэ хуэдэу ягъэIу Iэнгуш Республикэр кьагъэIэс хьэну хущIокъу.

А делагъэм щIмУ кIэльопЛ центрыр. ЗэкIэ зы дагъуи ищыкIыкъым икIи ищынукъым. Зязиковыр Iуахьыхуэ. Иужькlэ хьэIупс ящIынщ, Ингушми Iуэхуэхэр щыIэхагъэзэрыхьынущ. Ар дэ Шэщэным щытIэлъэгущ. Аращ сыззхаину сыщIэгугъэр. Пэжщ, а гуГапIэр инкъым. Ар псори зэхьэлIар 1991 гъэм Шэщэным щыщIыхьуам хуэдэм зы щыхьэумэныщ.

- Уэ зи цIэ кьыпIуа кьулыкъущIэхэм ялрэхьэм я мызакъуэу, нэгъуэщIхэми Iуэхуэхэр зэIамыгъэхьэу пIэрэ? Псалъэм и хьэтыркIэ, хамэ кьэрал гуэрхэр е мис а зи гугъу пщIа дунейпсо терроризмэр?

- ШэнхэмылъуэщIыщ Урысейр лъэрымыхъ щIынымэ е гъэлъэлъэжьыпэнымэ щIэхьэупс кьэралхэр. Абыхэм я щхъурялажьэ Iуэхуэщапсэхэм Кавказ Ищхъэрэм щыщ хэхэсхэр я щIэгъэжьуэну (абы щыхьэт техьэуэхэр мымащIэу щыIэщ) ди деж щхьэгъэжащIыхьыр кьащIыгурыIуэр абыхэм я тельхьэ кьаруэхэр кьэралкIуэщIым зэрыщщIэр сэтей кьыщIыхьухэм я дежщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Аушевым и тельхьэ оппозицэм» хуэдэу. Ахэр политикэ утыкум зэрикIыу щытыкIэм зэуэ зэхьуэж. ИтIанэ мурад бзаджэ зигу ильхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хьунущ. Аращ си щытыкIэр зэIыхьэу щыхьысIэр.

- Ди кьэкIуэнур пшагъуэм хэту фIэкIа уиныбгъуу арауэ пIэрэ?

- Хьэуэ, блэкIа ильхэсхэм сэ гукъыдэжьынщ сащIакъым. Псом хуэмыдыгу гуГэфI кьыскIилхьащ щIыналъэхэм ехьэлIа кадр Iуэхуэхэм теухуауэ президентыщIэм жиIаэм. Кьэралым и Iэтащхьэм кьулыкъущхьэр кьащэхуу щыкIэжкIэ, шэн хэпъкъым ар кьыззэпыудыным хуэгъэзэ Iуэхуэхэм псалъэхэм, кьаззэрыкIэлъыкIуэным. Дэ псори дыпоплъэ абы илжьынущхэм. Кадр Iу жуэхэр гупхэр щхъуу зэгурыIуэурэ зэфIэгъэкIыным кIэ етыж хуейщ. КьыщыщIэдзэн хуейри Кавказыщ. Ди щIыналъэм щызэуэ терроризмэр, сепаратизмэр, дин экстремизмэр апхуэдэу зиусхьэн Медведевым зи гугъу ищIа коррупцэр зэкъуэувэмэ, шынагъуэ дыдэ зыпылъ, псори зэтезыкьутэ кьаруушхуэ хьунущ. Кавказым ехьэлIа Iуэхуэхэр зэфIэгъэкIыным икIэщIыпIэкIэ яужь ихьэн хуейщ. ЗиплъэфIхэ хьунукъым, зэкIэсэнущи.

«Северный Кавказ».

● США

Япэ ИТЫЖКЪЫМ

КъыкIалъхьэпIэ илъэсым Китайр ХьэпшыпэкъралымщащIым и куэдгъымкIэ Штат Зэгуэтхэм япэ ищынущ. Апхуэдэу кьалытэ американ Iэщlагъэлlхэм. Абы и щхьэусыгуэр нэрылъагъуэ: Китаймэ псынщIэ дыдэу зэхуэ. США-р финансгуГуэхьхэм кьыкъуэкIыфырыкым.

ИРАГЪЭКIУЭКIА къэхутэныгъэхэр щыхьэт зэрытехьэуэмкIэ, США-р дяпэкIэ щытыкIынукъым дунейм хьэпшыпэ нэхъыбэ дыдэ кьыщалэжь къэралу: фIэкIыпIэ имыIэу япэ ищынущ Китайр. Мыр хьэлэмэтщ: блэкIа гъэм Штат Зэгуэтхэр псоми зэфIэкIыр щэч кьызыгурымыхэнт: абыхэм щагъэхьэзырт дуней псом щащI хьэпшыпхэм я Iыхьэ тхуанэр. Китайм кьылыысыр процент 13-м зэрыщIигъу щыIэтэкъым. КъэкIуэну илъэсым а къралым кьыпIыкIыхьэр процент 17-м нэсынущ, США-р езым и процент 16-мкIэ ятIуанэ увыпIэм ехынущ. Китайм и экономикэм псынщIэ дыдэу зэрызнужьыр кьэпльытэмэ, ар абыи кьыщIувыIэжынукъым.

Iэщlагъэлlхэм нэхъапэми жаIауэ щытащ хьэпшыпу щагъэхьэзырыр зыхуэдизымкIэ Штат Зэгуэтхэр папшэу зэрыщымытыжынур, ауэ а зэманыр илъэси 4-кIэ нэхъ пасэу кьэсащ. КъыкIэхкIари гурыIуэгъэщ - «американ псэуэкIэр» зэрефIэкIуарщ, Китайм экономикэм къ ы щ и х ь ехьуэIэныгъэхэрщ.

Араущи, Штат Зэгуэтхэм яфIокIуэд илъэси 100-м щIигъукIэ пашэу зэрыщытар, Китайм аргуэру бжьыпэр еубыдыж. Тхыдэтхэм кьызэрагъэлъагъуэмкIэ, хьэпшыпу щагъэхьэзырым и куэдагъымкIэ Китайм ПэщIыхьуитIым Азием къикI, 1840 гъэр къэсыхукIэ, япэ увыпIэр иIыгащ. ИужькIэ промышленнэ революцэ кьэхъури, мы Iэнатlэм Инджьылыкъыр япэ щищащ.

КъыхэгъэщхьэхукIыкIи хуейщ ехьуIэныгъэ зэхэзэрщIыпэщIэкIыну зэманыр игъэIэпхьуэну США-р хуабжьу зэрыхущIэкъуар. Политолог куэдым кьалъытэ «джэдкъэ пыхуэсхур», атипичнэ пневмонией, Ищхъэкъэ КъыпIэ Азием къикI нэгъуэщI «шынагъуэхэр» кьагупсысауэ щытауэ. Абыхэм я зэранкIэ инвестицэхэр ижьрт азие биржэхэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIыналъэм щыпсэу кьэралхэм доллар мелардищэхэр яфIэкIуэдащ. АрщхьэкIэ къэкIуэнур кьыпхуэгъэувыIэнукъым. США-р зэрыпэщам кIэ игъэтащ.

ТЕРНОВСКАЯ Татьяна.
«Известия».

●Хэхъныгъэхэр

США-м 2008 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм хэхыныгъэ щекIуэкIынущ. Демократ партым кьыбгъэдэкIыу президент тIысыпIэр зыуфыдыну хуей Обамэ Барак мы махуэхэм американ эхэхаIуэхэм ящIэщ.

Сурэтыр «Эхо планеты» журналым кьитхьжащ.

● Уасэхэр

Iэмал яIэкъым

Урысейм и щIыналъэ жыжьэхэм щыпсэухэм авиабилет уасэхэр зэрыгъапIэр хуабжьу кьатохьэлъэ.

СОМ мин 11 - 12 фIэкIа улахуэу кьэщымыкъхьэр кьэралым и щыхьэр Мэзкуу кьудей лъэтэн ахуэзфIэкIырыкым, сом мин 20 и уасэ билетыр кьащIэхуу. Ар дзэ кьэна, край е область кIэщIым я зы жылагъуэм икIыу нэгъуэщIым кIуэфхэркым. Вездеходхэм кьищIынымыщIа, зэрызекIуэн нэгъуэщI транспорт щыIэхэхкым, езы гъэгуэхэри Iисрафц. Араущи, цIыхухэр зэкIэлъымыкIуэмэ, зэрымылъагъмэ, Iуэхуэ зэпымыщIамэ, кьэралым и экономикэм зиужьынымэ зэрапыщIуэ хуохьу. Тегъэчмылъхьауэ жыпIэмэ, цIыхухэм Конституцэкъэ я хуитынымкIэ гъэзэщIа хьэркъым.

Дауи, рынок зэхущытыкIэхэр ди гъащIэм хэщца хьуащ. ИтIани, властым кьэрал бюджетым кьыхэкI ахьшэкIэ а егъэлеяуэ лъапIэ билетхэм дотащэ хухихьухьащ. Апхуэдэ унафэхэри кьащтащи, гъэзэщIа зэрыхьхъм дыкIэлъыплъыщ. ЗэрыгурыIуэгъуэн, ар рынок Iуэху бгъэдыхьэкIэкъым - авиакомпаниехэм я зэхуаку зэпеуэ дэлъын хуейщ. Ари урысей авиакомпаниехэм я мызакъуэу, хамэ кьэралхэм ейхэри хэту. Дэ КъухьэпIэ Жыжьэм хьэльэу щагъэIэпхъэр ди пщэ дэдмылъхьэжьафынымэ, абы нэгъуэщI кьэралхэм я кхъухьлъатэ компаниехэр кьыхэщэн зэрыхуейр наIуэщ. И къулыкъуГэ вице-премьерым хуэдэу Правительствэм хэтын хуейщ КъуэкIыпIэ Жыжьэм епха Iуэхуэгъуэхэр зэфIэзыых, ар адрей щIыналъэхэм тэмэму япыщIэным хуэлажьэ щIыхь.

ЩытыкIэ гугъур нэхьри зэIыхьщIэр мы щIыналъэ ящIыдзам ис ди хэкуэгъуэхэр нэхъ тыншу зыщыкъэуну кьухьэпIэ районхэм кьызэрагъэпхъуэрщ. Дэ Урысейр зы кьэралу кьызэтенэну дыхуеймэ, билет кьудейхэракым зи Iуэху зетхуэн хуейр - щIыхухэр гъэIэпхъэным теухуауэ Виттерэ Столыпинрэ я зэманым кьэралыр зыхуэлжьам пыдмыщIу хьунукъым. Псом нэхъапэр КъуэкIыпIэ Жыжьэ щIыналъэхэр урысей щIыхухэмкIэ гъэщIынырщ, сыту жыпIэмэ абы иджы щыпсэур китайхэр кьызыхэхута ди лъахэгъу мелуани 6 - 7 кьудейрщ. Урысейм и деж кIэ икъукIэ щытыкIэ хьэлъэщ...

ИВАНОВ Евгений.
«Российская газета». ЗэмыдзкIар
УЭРЭЗЕЙ Рашидщ.

● Щэпхъаджагъэ

Рулым Iусщ... лIахэри

Новочеркасск къалэм суд щытращIыхьащ водитель комиссэм хэтхэм. Абыхэм автомашинэхэр кьрахуэкIзэрыкъуниукIэ тхылъэр хуатхыпт... лIаХэми.

ИЛЬЭС кьэс кьэралым и гъэзэгъэхэм щеукI щыху мин 35-рэ, мин 200-м щIигъум фэбжьхэр щагъэуэт. Нэщlэбжьэхэм я нэхъыбэр зи кьэрал щIыхуэкIэ: зыгуэрэр мэпIащIэ, абы кьыжьэкIыуи гъэзгум зэрыщIэкIуэ хабзэхэр щхьэпауэ, адрейхэр чэфу рулым Iусщ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, кьэралым щытыкIыркъэ ахъшэ яту «гъэзгур хуит зыхуащIахэм» я зэранкIэ зэжьэхуэахэм я бжьгъэр. Абыхэм я нэхъыбэм медицинэм и лэжьакIуэ, уэхэр зэрагъэпльакъым, экзаменхэр ятакъым. Ауэ апхуэдэхэр зэрыкуэдыщэр нэрылъагъущ. Новочеркасск и хабзэхъуэмэхэм мурад ящIащ я мыхъумыщIагъэ лIэужьыгъуэм пэщIэувэну икIи автомобиль зригъакIуэ хьуну хуит зыщI медицинэ тхылъ нэпщIхэм я гъэзгур зэхуащIыну. Мы гъэм и гъатхэплм езанэ кьалэ сымаджэщым и хирургым и дежкIуащ. езым и щIыкуГэхэм яхуэгъэзэ тхылъэр хуигъэхъэзырыну лъаIуэ гуэр. Мыдрейм ар игъэщIэхъуфакъым. ГхыгъэкIэ гъэнщIа бланкыр яхищтащ, водитель комиссэм кьыдыхэтхэм я деж кIуащ икIи ахэр кьыгъэзэIуащ абы Iэ кьыщIадзыну. Махуэ зыбжанэ дэкIри, апхуэдэ дыдэ къэхъуащ. Хабззхьумэхэр яхуэкIуа ижьыкIэщ «гудзакъэ зыхэлъ дохутырхэм» зи гугъу тщIы тхылъхэр лIаХэм зэрыратар кьыщащIар.

Хирургыр зэкIэ жэуапым ирашэлIакъым икIи абы и Iуэхутхъэбзэм кьыщIиха ахъшэр зэхьэзыгъэ утепсэлъыхьыну иджыри пасэщ. Ауэ абы и лэжьэгъу терапевтхэр, апхуэдэу комиссэм и унафэщIыр хабзэм и пащхьэм жьыIэхэм тепщIыхьмэ, тхылъ нэпцIхэм Iэ щIадзащ ахъшэ Iуэху гуэри хэмыту - езыхэм я лъэныкъуэ дэIэпыкъуну хуейт. Къажриат зыхуэIэхутхъэбзащIэхэр дохутырхэм я деж кIуэну зэрахущIэмыхьэр.

- Арати, Iэ щIэздзащ, - жиIащ илъэс 62-рэ си ныбжь Земсковэ Людмилэ. - Мы Iуэхур зэрируныр сщIамэ арат... Иджы соукIыта. Си бынхэм я деж ёмыкIу кьыщIыхь - си жьыщхьэ щIэпхъаджащIэ сыхуащ.

Суд зытращIыхьхэр къэралым и цIэкIэ зыгъэкъуэнщэр лъэIуащ хабзэм ебэкъуахэр зы илъэскIэ лъэхъэущым исыну тезыр тралъхьэну.

- Мис мыпхуэдэ дохутырхэм я зэранкIэщ ди гъэзгуэхэм апхуэдизу цIыху зэрыщичкIыр. Сыту жыпIэмэ машинэ зэрыщIрихьэкIуэфIрумкIэ тхылъыр иратыфынущ зи акъыл зэтемыцIыхуми, наркоманми, зи нэхэм щIагъэуэ ямыльагъуми, - кьыхигъэбелджылыкIаI Новочеркасск и прокурорым и дэIэпыкъэгъуэ Трофимов Александр.

АрщхьэкIэ судыщIэ Черновэ Иннэ кьиГъэтащ жэуапым ирашэлIаХэм я кьуаншагъэр нэхъ щабэ зыщI Iуэхуэхэр - зэрызаумысыжар, нэхъапэм суд зэрырамыщIыхьар, лэжьакIуэ хьэлэлхэу кьыззралъытэр икIи лъэхъэущым щамыгъакIуэу зы илъэс тезыр яратхьэжьну. Унафэм иджыри къаду игъэутакъым: водитель комиссэм хэт нэгъуэщI зыбжанэми суд тращIыхьым хуейщ.

ПОГОНЦЕВЭ Катерина.
«Российская газета». Дон Iуфэ Iус Ростов

● УпщIэ - жэуап

Урысейм псори щхьэ щынэхъ лъапIэ?

Урысейм статистикэмкIэ и къэрал комитетым кьытахэм тепщIыхьмэ, мы гъэр кьэрал гуэрхэрэ Урысейм ерыскъыхэкIхэр процент 13-м нэскIэ нэхъ лъапIэ щыхъуащ. Ауэ Европоюзым и къэралхэм я бжьыгъэр ику ягу процентти 3,5-м щыфIэкIакъым. Абы щыгъуэми ди Правительствэм ерыскъым и уасэм щыхъхъуэм и щхьэусыгуэр кьыджеIэ ар дуней псом щекIуэкI Iуэхуу. АтIэ щхьэ кьухьэпIэ къэралхэм щыIэ уасэкъм дыдейхэр кьэдкIэ ятекIа?

Потемкин Иван, *Къэзан.*

ВАН-м Экономикэмкlэ и институтым и щIэныгъэ унафэщI, академик ***Абалкин Леонид*** *а упщIэм мыпхуэдэ жэуап ирет:*

- Урысейм ерыскъы къэдыуэ кърещ нэгъуэщI къэралхэм - процент 35-р. Абы куэд пыщIащ. Фи нэгу кьыщIэвгъэхъэт Бразилием лы, Абстралием тхъэмадэ кьыщIышым текIуадэр зыхуэдизыр. А псоми уасэхэр драгъуэят икIи ди тыкуэнхэм шыдоплъагъу ерыскъыхьэкIхэр зэрыпIапIэ дыдэр. НэгъуэщI кьэралхэм импортым мардэ щыхуагъэрь. Псалъэм и хьэтыркIэ, Швециемэ абы хуэзэ Iыхьэр процент 25-я щыщIигъу хьунущ. Дэ ерыскъыхэкIхэм я уасэхэр зэтетIыгъэну дыхуеймэ, кьуажэдэсхэм защIэдгъэкъуэн, мэкъуэмэ хозяйствэ хэтхъэн хуейщ. Ауэ зэкIэ Финансэмкlэ министерствэм кьитхъэбзэпхъэр нэгъуэщI Iэмалхэращ. Дэ ерыскъыхэкIхэм я уасэхэр зэтетIыгъэну дыхуеймэ, кьуажэдэсхэм защIэдгъэкъуэн, мэкъуэмэ хозяйствэ хэтхъэн хуейщ. Ауэ зэкIэ Финансэмкlэ министерствэм кьитхъэбзэпхъэр нэгъуэщI Iэмалхэращ.

Ауэ шэр пкъэкIэ икIи ар Стабилизацэ фондым хэпхъэкIэ уасэхэр пхуэзэтеIыгъэнукъым.

Ахъ!»

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Узэфэ псынэм...

● Пощт

...ухэмыуфыжьытхэ. А псалъэжьыр лъэпкъ куэдым кьадокIуэжI икIи абы и пэжагъыр щIэбгъэунэхуни щIэкъым. Ауэ ар ящыгъупщэкащ бзаджэнаджагъэ зыIэжьа куржы унафэщIх эм, Кьэхъуам и эранкIэ Урысеймрэ Куржымрэ якъу дзэпыжьымкъхьэуа, тенджвIэ, пощт зэпыщIэныгъэхэр. Пэжщ, пощтым ехьэлIауэ зы кьэрал унафи щыIэкъым. Банкхэм щыжаIащ Куржым ахьшэхэр егъэхьыныр «пIалъэ»Iэ ягъэ увыдауэ». Техникэ гугъуехьхэр кьыкъуэжащ. Апхуэдэу щытмэ, а «гугъуехьхэр» хуабжьу и чэз уэ кьыкIуэщащ: Урысейм щылажьэ куржыхэм я кьэралым ильэс и кIэр ирагъэхь доллар мелуан 500-м щIигъу. Зи унафэщI кьэралым и ВПП-м и процент 15-р зэрыфIэкIуэдым «игъэупщIыпуну» пIэрэ Саакашвили?

ЩыщхьэIум и 11-м пощт Iуэхущапl э псоми щагъэтащ Куржым яутIыпщ письмо, хьэпшып, ахьшэ, н. кь. Iахьн. Связыныр коммуникацэхэмкIэ министерствэм зэрыщIыжаIэмкIэ, письмохэмрэ хьэпшыпхэмрэ Iахьн ягъэувыIащ кьэралитIым хьэуа зэпыщIэныгъэ зэрыщIэжьымэ я зэранкIэ.

Ахьшэхэр зэхуэгъэхьыным и гугъу пщIымэ, Минкомсвязым щыжаIащ кьэралитIыр зэпызыщIэ техникэ Iэмэпсымэхэр зэрызэхэкьутар. Апхуэдэу щыщIагъэжащ ахьшэр зэхуэгъэхьыным гъэувыIыным теухуа унафэр гуэрэ ластхэм зэрамыщIар. Ауэ абы зыри эзрихьэкIрыкъым. Куржым ирагъэхьыну ахьшэхэр Iахьркъым «Урысейм и пощт» кьэралIуэхуущIапIэхэм уэрэ банкхэмкI.

- Дэ пIалъэкIэ дгъэувыIащ Куржым ахьшэ егъэхьыныр, - кьыхигъэбелджылыкIащ Русславбанкым и унафэщIым и кьуэдзэ Блудов Сергей. - Ахьшэр тфIэкIуэдынкIэ шынагъущ. ЗэпыщIэныгъэхэр щымыIэжмэ, ахьшэ Iуэхуэхэр ебгъэкIуэкI хьунукъым.

- Си гугъу тщIа министерствэми банкхэми щыкIалэфакъым техникэ дертхэр щагъэкIуэдыжьыну зэманыр. Сыт хуэдэу щымытами, зэпыщIэныгъэхэр кьыкъэпIуудащ «и чэзу дыдэу». Пощт, хьэуа зэпыщIэныгъэхэр зэрыщымыIэр, дауи, Куржым дежкIэ хьэлъэщ, ауэ ахьшэ зэрыIэрымыкъынур абы и экономикэм и дежкIэ Iисрафщ.

Дауи, ар сомыр куэду кьыщагъэсэбэп кьэралхэм ящыщкъым. Мыбдежьым бжьыпэр щызыIыгъыр Украинэрщ, Узбекистанырщ, Таджикистанырщ, Армениерщ, нэгъуэщIхэрщ. АрщхьэкIэ, Iэщlагъэлlхэм кьызэрапльагъмкIэ, ди кьэралым мы зэманым хуитынымкъэншэу щолажьэ Куржым кьикIа цIыху мин 300-м нэблагъэ.

ИлъэситI и пэкIэ Урысеймрэ Куржымрэ я зэхуэцIыкIкIэхэр щызэIыгъхьам, хабзэ ягъэуэ пэтащ кьэралхэм зыгъэкIуэнкIэ.

Псыхэмыхьэ Мусэ Шэмэдин и къуэр гъатхэпэм и 28-м 1940 гъэм Адыгэ-Хьэбзэ куейм щыщ Эрсакон къуажэм къыщалъхуащ. А къуажэми курыт еджапIэр къыщыхуащ.

1965 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал егъэджакIуэ институтым и филологие факультетыр кынуха нэужь, «Черкес Хэку» газетым и редакцэм, Эрсакон курыт еджапIэм и унафэщIу, къэрал къулыкъущIапIэ зэхуэмыдэхэм щылажьащ. Пенсэм кIуэным и пэкIэ, Псыхэмыхьэм Республикэ хахакIуэ комиссэм и унафэщI къулыкъур зэрихьащ.

Уэ итхьи щIэдзащ школым щыщеджа илъэсхэм. Ахэр мыкъ-мытIэу традзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дон Куфэ Іус Ростов къыщыдэкI журнал, газет зэхуэмыдэхэм.

ПСЫХЭМЫХЬЭ Мусэ и усэхэр

Макъамэ

Даур Аслъэн и фэеплъу

Аслъэн и макъамэ дахащэр
Адыгэ къепкъым и дамэщ.
Абы кьетIэщыфыр гуращэр,
Ар тхьбзэз зиIэ макъамэщ.
И IитIыр къуршыбгъэ дамэу
Макъамэ зешэм щIеупскIэ...
Ди Тхьэшхуэ, ар сыт макъамэ!
Ди Тхьэшхуэ, ар сыт щIэупскIэ!
Гу пщтырым и хъуаскIэм лыгъэр
ЩIедзэфыр едэIухэм я гум.
Ей, щIалэ уардэ, уи лыгъэр
Кьыщыгъэльагъуэ нарт джэгум!
Кьыбдзэфэ пщащэ дахащэм
Уэ жуумыбазэ уи щыбыр:
Уэ уи хэльэтым а пщащэр
Хуищэнущ гуращэ лыбым.
Лыбыфу щытмэ гуращэр,
Ар лъагъуныгъэм и гъуэгукъэ!
ТхьэIухуд нэIу у нарт пщащэм
Ихьэхуфари уэ унугукъэ!
Насып къэкIуэнчу зи натIэу,
Хьет жезыгъэIэр фыкъафэ.
Нобэ беищэщ ди пщIантIэр,
Нобэ къабзащэщ ди уафэр!
Аслъэн и макъамэ дахащэм
Е]этыр адыгэ щыгуф.
Хуэхъуащи ар лъэпкым и фащэ,
ЩIедзэфыр лыгъэ щIыхугум!

Ныбэхъу и шухэр

«Зи гупкIэ уисым и уэрэд
Жьыбэ, си щIалэ,
Уэ уи ӀэрэдзИ жегъэIэфэ,
Уи шхуэIу гъэлазэ.
Кьыпхуищ ди Тхьэшхуэм
Уэ гущIэгъу, ущимыгъасэ.
Ди лъэпкым пэжыр и гъуэгуэгъущ,
Ар щыблэу мауэ.
Ар Iэщэ пэщIэр, зехьэгъуейщ,
Жьыбэ щэщIауэ:
«Лыр лбыщ, адрейр аргъуейщ -
ЛъэщIэс фочаущэ».
Сос и кьуэ есым йоущий
Сэтэней гуащэр:
«Нарт хабзэ – хабзэ ткIийщ.
ХуиГъэгъукъым гъуащэм.
Дэ, мэжсчийхэм, Тхьэ ди къэщ,
Ди Тхьэшхуэр япщу.
ЛIэщIыгъуэ жыжьэхэм щокIуэр
Тхьэ даудапщэр»...
Лъэпщ и кIыщIышхуэм
КьыщIоIукI удауэ макъыр:
Гъущ пльам и сэшхуэр кьыхеIукI,
ЕгъуГъуэ, сакъыу.
НыбжьыщIэ лIыпIэ иувам
ХуищIынущ тыгъэ:
«Чынтыдзэр дэ кьыптпэувам,
ЗигъэIэ лIыгъэ.
Кьыпхамэ кьамэр, йомылъхьэж –
Хэгъащ Iэ чынтыр.
Уи Хэку пхъуамэу къекIуэлIэж
Уэ Лъэпщ и кIыщIым»...
Защыхьужауэ Тхьэ пэльыт
Нэмыс зи мащIэм
Нобэрей махуэр ящыхьат
БлэкIа ди гъащIэм.
Уи лъэпкъ напи я мыIуэху,
Утхуащи я лыр,
Имыгъэжеиуэ кьокIыр нэху
КIэжьпыпм ильым.
Лъэпкъыбзэу ягъэIуну пылыщ
Я хъунщIакIуэбзэр.
«Дэ псоми тщIэтыр, - жаIэр, - зылыщ,
Дэ диIэр зыбзэщ».
Ди Тхьэшхуэ, сыту т эмакъкIыхь
Ди лъэпкъ гумахэр!
Фыы псори уэшхыу кьыптхуекIыхь,
Нэху щы ди махуэр,
Гъуэщхэ зи я нэр зэIухыж,
КьэкIунур дахэу.
Бэлыхьу тельыр уэ техыж
Адыгэ лъахэм.
Сондэжэрпщцхэр кибэнащ
Ди лъахэ дахэм.
ЩIыхь тхуэмыфащэу кьалыытащ.
«ДзыхьщIэгъу» тхуэхьуахэм...
Си лъэпкъэгъу щIалэ, кьыскуэгъэгъу
Си псалъэ кIыхьыр.
Псы псалъэ жыгыу лъэпкъыр мэгъу –
Хуэныкъуущ щIыхьым.
Хэт щыщми, улIмэ, хуумыгъэгъу
Псалъэ мышуэхр.
ЗэгъащIэ быдэу: лъэпкъ кьуэпс гъэгъущ
Ныбэхъу и шухэр.
Лъэпкъ куцыр зышхыр ахэращ.
Зыщумыгъауэ –
Утыкыр пфIащтэм укьэнащ
УтIэщIыпауэ.
Зи гупкIэ уисым и уэрэд
ЖьыIэф, си лъахэ,
Уэ уи уэрэди зеГъэIэф
ШхуэIу зыуБыдахэм.
Кьыткуищ ди Тхьэшхуэм дэ гущIэгъу,
Дыщимыгъауэ.
Ди лъэпкъым пэжыр и гъуэгуэгъущ,
Ар щыблэу мауэ.
Ар Iэщэ пэщIэр, зехьэгъуейщ,
ЖьыIэф щэщIауэ:
«Адыгэ лъагэр ди дунейщ,
ДыщIэтщ и жьауэм.
Ар тхуэмыхьумэм, дэ дылейщ.
Хэхьуэнущ гуауэм».

Гугъэ кIапэ

«Бэяу, Кавказ, Ермолов нокIуэ...» Пушкин Александр.

Зи акъыл нэхур бэм ди гъуаэзу,
Лъэпкъ псоми я гур зыкьэхуа,
Бгырыс хэкухьумэм зыхуэбгъаэзу
Апхуэдэу дауэ жьыIэфа?
Уэ умыльагъуу лыз ягъажэр,
Зэманым уи нэр кьыщипхъуат,
Е дзэпщ лъыифым и Іужажэр
ДзыхьщIэгъу кьыпхуащIу ущыуат?
Сэ сщIэркъым пэжым и хэкIыпIэр.
(Ар зыщIэ щыIэм сэ сыхуейт)
Адыгэ лъэпкъым и кIуэдпIэ)
Хуэхьуа зауэжьыр сыт дунейт!
Абы кьихь гуауэ Іуатэгъуейр
Зыхьыумыщ1ауэ мыхьу си фIэщ.
Уэ пIьагъ ут лъэпкъ псоми я пщэдейр,
Унг у хьэлэлыщэр жьIэфIэщт.
Мис арагъэнщ уи зэчий лъагэр
Лъэпкъ псоми ГъуаэзэщIыгтхуэхьуар.
Дохьумэ, вольи дрипагэу
Усыгъэу у э кьытхуэбгъэнар.
Ей, усакIуэгъу хы абрагъэущ:
Зэм – щымщ, зэм – яГэу кьуокъубей.
ИтIани, Пушкин, согъэщIагъэу,
Си фIэщ сщIыхэнуи сыцуэмей
Уэ адыг эгур умыщIау э,
Абы и лъахэм итхьэкъуам,
Шэрджэс бзыльхугъэм хуэусауэ,
Абы и щIыхьыр зыIэтам...
Пхузощ1ыр щхьэщэ усакIуэшхуэм,
Кьыскуэбгъэгъуныи сыно лъэIу,
Гупсысэ хьэльэу уэ бдэзгуэшыр,
Ар фэрыщIакIэ сымыгъэIу.
Дигу тель уIэгъэр хьужьпакъым.
Абы и хущхьуэр гъуэтыгъуейщ.
Щы хьурешхуэм щоIу ди макъыр.
Тхьэм ящI къжIуэнур ди дунейт!
Кьытхуэзыхьахэм лъапсэкIуэдыр
КьащIэхъуэжахэр ирокьей
Ермолов, Засс, Булгаков хуэдэм,
ЩхьэфIэх – лъыифхэр драгъэуей.
ИтIани, Пушкин, ди зэманыр
БлэкIам зыгуэркIи емыщхьыж.
Зи акъыл нэкуКI щытар бланэу
Зэманым екIуу кьыщIокIыж.
Кьэрал щымыIэ ди лъэпкъ гуауэр
ЗыхэзымыщIэ, зымыщIыхьу.
Ди псалъэ пэжыр щыблэу мауэ,
Ар Іунщ дунейр зэфIэтыху!
Зы закъущ сэ сызыгъэгумэщIыр –
Ди Іуэху зехьэкIэ лъахьщэ дыдэрщ.
Кьытхуэнэжар зыунэщIыр
Зэрыдмычыфырщ дэ лъэ быдэ.
ДиIакъэ ар, бощIэж УсакIуэм:
Ди унэ кьихьэр кьыдэхьуапсэт.
Ди зэхэтыкIэр хуабжьу гуакIуэт.
ГугъаIэ нэ хуэ уафэ кIапсэт.
Сыт кьытщыщIар, сыт дызнуасэр,
Сыт дыщIащIыфыр хэутэн?
Сыт ди гугъапIэу уафэ кIапсэр
ЩIэхъуар лъэпкъышхуэм ди къэпхьэн?
Мы упщIэ куэдым я жэуапыр
Щымыт си дежкIэ ауикI нахуэу.
Си лъахэ уардэр – гугъэ кIапэщ.
Си лъэпкъ гукъеуэр – гугъэ сахуэщ.
Сыкуейщ а сахуэр кIуэдыпауэ
Адыгэ я лъэпкъым зиужьыну.
ХамэщI иС бынхэр зы хьужьауэ
Утыкыр хуиту яубудыну.
Мис а махуэщIым гум тель хагъуэр
Трихыжыкинэ сыщIогуть.
Ди гъащIэр щытми нобэ пшагъуэу
КьэкIуэну фIыгъуэр ди гурыгъщ.
Тхьэм кьыдипэсмэ, ди гурыщIэр,
Уэрщ, Пушкин, жьантIэр зыужэфащэр.
Уэращ зыхуэтщIыр ди лъэпкъ фIыщIэр,
Уэрщ хуэусар адыгэ фащэм!

Черкесск къалэ. 2007 гъэ.

● Абы дегъэпIейтей

Хамэ узыщIэхъуКI фащэ

Дунейм, гъащIэм и хабзэхэр апхуэдэу зэхэтыщи, зы пэпчъ закъуи бгъуэткъым зи бзэ, зи хабзэ, зи фащэ, зи дин зымыкъуэжа е зэ хъуэжьыигъэ гъэрхэр зымыгъуэта.

УПЭЩIЭУВЭКIи узыпэмылъэщIи а зи гугъу сщIа хабзэхэм лъэпкъым адыгэ фащэр тщэри хуэмурэ европей тепIъэм драгъэувауэ докIуэкI, модэм зэхъуэкIымыгъэ кьыхилъхьэ хэри дагъадзэрэ. Европей абы хуэкIуащи, щIалэгъуалэм щIэр занщIэу кьапхъуатэ, зи ныбжь хэкIуэтахэм, дыщIумэтIымэрэ, ерыщу къпхуф езытри кьыткIэкIми, тхуэмыхьуу дагъадзэ а щIэр.

Мыр адыгэм и закъуэкъым кьыззэуцIи, дуней псом кьыщекIуэ Іуэхугъэщ.

Мы есшэжьа гупсысэм щхьэусыгъуэу иIэр, дауи, гурыIуэгъуэщ псалъащхьэ зэуэхьуамкIэ. Ирэбн, жуэдым зышыуттIэгъэну пIэрэт, адыгэ хэм дыщыгъуэлътыжым зыщыгъа щыгъынхэм я пIэкIэ адыгэ фащэ зырыз кьихуэтуэ зы пщэдджьыжь гъэрым нэху дыкьекIамэ?

Мы упщIэм и жэуапыр тыншкъым. Си щхьэкIэ сыкъапштэрэ, фащэм ехьадIа уэ зэманым кьыщидзар сфIэмыгъуагъэми, фащэм сыщыгуфыкIынут, зыщыстIэгъэнут, зызгъэщIэзгъэнут, ауэ ар тхуэ зесхэ зеслъэну ельэрэзыуэ, абы гукIэ сыхуэ хьэзыру жьысIэфынукъым.

Кьаэм сыдыхьэу щIыхуищ зыбжанэм а упщIэмкIэ захуэзгъэзам ешIу, соцIэ си жэуапым кьытехуэныр зэребгъкIынур. Сыщыуэмэ, кьыхсуэгъэзгъну сыщыгъгъынщ, ауэ нобэ адыгэхэр дзыхьэхIуауэ ди бзи ди хабзи хуэфащэ пщIэ щыхуэдмыщIыж лъэ хъэзэн нэгъуэщI жэуапкIэ угуГъну щхьэгъэпщIэжщ.

Адыгагъм и пэ диныр ирагъэувауэ нобэ тIъагъу щIалэ жьэкIацэхэмрэ, жэрумэм ещхьу кьэрыр; фащэ хьиджабым кIуэцIыщIыхьа ди хьыджэбхэмрэ сыт хуэдэ кьару а кьыдэмыкIу тепIъэм изыгъэвар?

СызэреплъымкIэ, дэтхэнэ пэпкъри «дыхэт, дысыт, сыт ди хабзэ, сыт ди дуней, сыт ди зэфIэкIыр?» - жиIэу псэун хуейщ, ахьрейхэм кьаззэрыщхьэщыкI псор ихьумэжу, кьыззэтенэным хущIэкъуэ.

Лъэпкъ щыIэкъым дин имыIэу. ЗыгъэпсэфыпIэ фIэлIкIыу щытын хуейщ щыхур. ЩэнкIэ, ІэпкълъэпкъкIэ, гукIэ, псэкIэ къьабзэнращ динымэ ящэ иригъэщIыр. Хьэрып фащэ ищыыпытымэ, а диным ухуэмыфащэу, ухуэхамэу КъурIэным кьнбгъуэтэнукъым. Абы кьинэмыщIауэ, адыгэ хэлэ-цэным зыкIи гъэрыгъуэным апхуэдэ зыхуэпэкIэр хьэрып щIыхубзхэм кьащтэн хуей щIэхъуар.

Нэгъабэ дунеим кьытетхьащ Ширдиий Марин3 «Тыркум щыпсэу адыгэ хэр» зыфIища тхыльэ гъэщIэгъуэныщэр. А тхылъым кьыщызгъуэтащ сэ жьыхуэсIэр зэрымылъабжьэнщэм щыхьэт тепхъуэ гупсысэ, интервьюхэм хэту. Апэр кьыззэIуатэр Анкара щыпсэу Бекъуд Джэхьидщ, «Baykal trIko» фирмэр зей хьэрыфэтъыщIэщ. Деплъынти абы жиIам: «Сэ Саудей Арабистаным сыщылэжьащ илъэс 24-р ныбжьым ситу. Хьэрыпхэм я хабзэмкIэ, и кьуэшыр щIымысэ, унэм щыхьэнукъым абы и адэ-анэм кьаПхуа и кьуэш дыдэр, щхьэгъусэхIэ, пхъукIэ апхуэдизкIэ дзыхь зэхуащIкъым. Сэ унагъуэ гъэрым сыщылэжьхэн хуей хъуати, «мыр адыгэщ, дзыхь хуэпщI хьэунущ: якIриIауэ и щхьэгъусэм ро и пхъумрэ Іэльэщыр ятемыльу унэм зэрыщIэсым хуэдэу зыкъыззагъэтагъут, къхьэуэ (кофе) схуагъавэрт, кьыздэуэршэрт»...

Адыгагъэм пщIэуэ иIэм и щхьхэту, Бекъулым жиIар сфIэрэщIэгъуэнащ. Индрагнием сыкIуэу, къэрал гъунапкъэр зыхъумэу щыт щIалэхэм дыкъагъэзывIауэ дыщытт, ди дэфтэрхэм епIыну. «Адыгэ кьыфхэт?» - щIэжеСIэм, кьыСщыдзыхьэщ-хаш: «Адыгэм мыбдеж щебгъэщIэнур сыт, абыхэм пщIэ лей яIэу къэрал Іуэху ящIэ» жаIэри.

- Уэ уадыгэу ара? – кьызэупщIхэр.

- АтIэ.

- Абы щыгъуэм уи хьэпшыпхэр кьащти пъынкъуэкIэ и щхьэ, цIыхубз, адрейхэм я дэфтэрхэмрэ хьэпшыпхэмрэ деплъынт хуейщ.

Автобусыр зезыхуэр иужьыIуэ кьызэупщIащ: «Уэ уи гугъу щIамыщIар сыт?» - жиIэри. Сэри сыгушхуауэ: «Сыадыгэти!» - сеткIащ жэуап.

Ильэситl и пэкIэ Сирием сыкIуэу машинэ 50 хуэдизкъэралI гъунапкъэм щызэтрихьауэ срихьэлIащ. Хьэмыту къыщIэкIащ, ауэ «ущыадыгэкIэ укъэтпщытэнукъым» жаIэри сыблагъэкIащ. Ар зи фIыгъэр Сириемрэ Иорданиемрэ щыпсэу адыгэ хэм я дуней тетыкIэрщ., - жеIэ Бекъулым.

Мыдрей интервьюр зейр режиссер, сценарист, тхакIуэ, артист Онер Четинщ (и адыгэу унэцIэр Гъуэгулщ). Ширдиим и гъусэу Тыркум щрIа Хьэгъунцоекъуэ Сэлихэт абы мыпхуэдэ упщIэкIэ зыхуигъэзат: «Кьыщежьар Тхьэм ещIэ, ауэ дин Іуэхур атъэленным и Іуэхущ сотыльтэ щIалэхэм жьакIэ зитъэкIыу, цIыхубзхэм зэи зэрымыхьа фащэ щатIаГъэзу ди дежи кьыззэрищагъэжьар. Уэ ислъам институт кьэбгъащи, уи жьауэпыр кьабыи ящIыхьнкIи хъунщ. Диным кьалэн кьащищIрэ а зыхуэпэкIэр, жьакIэ гъэжьпыр?» - жаIэ. Сэ сыгушхуауэ: «Диным емылытауэ. Сылэмэ, жьыхьэмэра хьэмэрэ жэнэтрауэ пIэрэ сыздэкIуэнур, жьпIэу

● КъБР-м и МВД-м

Тхьэмахуэ зэхуакум

ШЫЩХЬэIУМ и 4-10-хэм республикэм гъэгу насыпыншагъэу 19 кьыщыуэгъуэ, абыхэм щыхуи 5 хэкIуэдащ, 19-м фэбжь хахащ.

Регистрацэ Іуэхуэр щызэфIагъэжьым ГИБДД-м автотранспортыр тхьинымкIэ, экзаменхэр кьэIыхьынымкIэ и къудамэм кьыщIгъэщащ зи агрегатхэм тетын хуейхэр зэхъуэжа автомашинэу 7.

Къэлэпхъуэхэм яцыхьэр тхьэмахуэ зэхуакум щофер тхьилъу 2, ВАЗ-2107 автомашинэр зэратхамкIэ тхьилъи 2. Апхуэдизу яубидащ Ингуш Республикэм щыщу къалъыхъуэ цIыхухэр.

Авариер зэранкIэ къэхъуу зызыгъэпщкIужа илъэс 20 зи ныбжь налшыкдасыр яубудащ.

ЩыщхьэIум и 7-м сыхьэти 8-р дакъикъэ 40-м Май муниципальнэ районым щыIэ ОВД-м и пIащэ частым кьыIэрихьащ илъэс 20 зи ныбжь къалэдзсым и жып телефоныр зэрадыгъуам теухуа хъыбар. КIэщIу иужь ихьэри, хабзэхъумэхэм яубыдащ ВАЗ-21092 автомашинэмрэ абы исахэмрэ.

А махуэ дыдэм КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и гуп щхьэхуэм и лэжьакIуэхэм Анзорей щыщ цIыхухэм зэригъакIуэ ГАЗ-5327 автомашинэр кьыщащым, зыбуэфащэ тхьилъхэр щымыгъуу гъуцIэкIэ тонни 5 ишуэкъэтащ.

ЩыщхьэIум и 8-м Налшык къалэ округымкIэ УВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм илъэс 23-рэ зи ныбжь къалэдзсым зэрэтакIуэ ВАЗ-1111 автомашинэр кьыщащым кьытрахащ щIопымэ кьызыхих кьэкIыгъэ хьэжа зэрылъ пакет.

ЩыщхьэIум и 9-м, зи хэтыр ямыубзыкуа цIыхуищым Шэрдж къуажэм щынагъэкIэ сом 3000 щызыIэрагъэхьэри, «Мерседес» автомашинэмкIэ загъэщIэжат. БзаджащIэхэр кIэщIу яубыдащ. Ахэр Нарткъалэрэ Чернэ Речкэрэ щыпсэу цIыкухэрыгъуэ.

ТКАЧЕНКО Тамэрэ,
КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэ.

Хъыбар гуэр фщIэмэ

ШЫЩХЬэIУМ и 10-м сыхьэт 21-рэ дакъикъэ 45-м зихуэдэр зэхамыгъэкIа авт омашинэр Налшык Суворовым и уэрамым ятту Калининым и уэрамымкIэ здэкIуэм пъсырыкIуэм жьэхэуащ. Цыхубзыр кьытехуэ фэбжьым кьелакъым. Насыпышагъэр зэранкIэ къэхъуа шоферым зигъэпщынащ.

А насыпышагъэр зыпIьэгъуахэм, кьхъуэм теухуауэ хъыбар гуэр зыщIэхэм дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну «дзыхь зрагъэз» телефонымкIэ: 96-53-44, 49-57-29, 49-56-99 е 02.

Фи IэпэIэсэныгъэр хэIущIыIу ящIынукъым.

Налшык къалэ округымкIэ УВД-м и ГИБДД-м и пIыр Іуэхущ1апIэм и батальон щхьэ хуэ.

● Гъащ1э

Тыншыгъуэр зищIысыс сыт?

Сабиитым я Іэпэр иIыгъыу зэрамым ирикIуэ цIыхубзым и пащхьэм къьхугащ цIыху теплъэр зэрыфIэкIуэдэ куэд щ1а лIы гуэр. Хьыджэбз цIыкIур щыгъэри, анэм и кIэ къуаШэм зыкъуигъэпщкIуащ. Илъэси 10 - 11 ныбжьым итыщIалэ цIыкIур лIым еплъырт, телъыджэ гуэр илъэгъуам хуэдэу, фIэгуэныхь зэрыхъуами гу лъытэрт.

ДАУЭзимыхъуэжами, и щхьэгъусэу щытар Жансурэт къицIыхужат, ауэ зыри жиIэртэкъым.

- Мыр си къуэра? – жиIэуэ щIалэ цIыкIум и щхьэфэм Іэ къыдилъэну хуэжьащ. АрщхьэкIэ сабийр Іужащ.

- Уэ къуэ уиIакъым икIи утулъхуркъым, дэркIэ уэ хуамащ. Гъащ1э тэмэм ущыхуэмеякIэ...

«Уэ сыкъыхьифIэбдзэрэ, мыпхуэдизу сыпщIащ. Къуаншэри уэращ, щхьэ сумышэчаро!» И тэмакъыр фадэ мыхъумыщIэм ирисыхати, жиIэри щIагъуэу къэнбгурыуэртэкъым. Іэбжьанэ кIыхьхэр фIейт, и Іэхэри кIэзызырт.

- Уэ сынопсалъэкIэ мыхьэнэ иIэкъым, афIэкIа си Іуэху къызэумыхуэ, уэ зыхуэбгъэфэща уи дунейм тетыж, - жриIащ Жансурэт.

- ...Сигу ирихьыщауи щыттэкъым, ауэ илъэс 26-рэ хуэат си ныбжьыри, сыкъыщонэж, жысIэри сригузавэрт. Сытми, сыхуей сыхуэмеиуэрэ, сыдэкIущ. Аузрэ зэманри макIуэ, сабии согъуэт.

Дызэрыпсэун Іуэху зехуэн хуейт, ауэ сызыздэкIуар лажьэртэкъым, щIэныгъэ е Іэщ1агъэ пыухыкIа иIэтэкъым. Сэ «Дружба» комбинатым сыщылажьэрти, си улахуэрэ хъарзынэт. Щхьэгъусэ схуэхъуар лэжьэну хуейтэкъым, ауэ ахъшэ куэд зэуэ кьызэрыхэхъуэн Іэмал гуэрхэр кьилъыхъуэрт, кьигупсысырт, - къыГуэтэж Жансурэт.

Сочэ кьалэм дыкIуэу помидор пасэ кьитшмэ, ар Налшык лъапIэу щытхуэщэну зэхэсхащи, щIэхьиу щIыхуэ кьащти, дегъажьэ, – къызжеIэ Назир. Помидорыр Сочи кьрашурэ нэхъ гъунэгъуу Новороссийск яшэрт. Махуэ псом баззэрым къыщалъэжьар щIыпхъэщхъэ зэрыхъуу лIым къытрихьыртти, фадэрэ цIыхубзкIэ игъэкIуэдырт.

ГъуэгуплIэр ерагъкIэ Жансурэт зэрегъэпэщ1ри, нэгъуэщI сом ямыIыгъуу зэщхьэгъусэхэр къокIуэж. МазиткIэ и анэм деж щыла сабийр къихьыжину щыкIуам, къимыщIыхужыкIэ шынэрт. АрщхьэкIэ, кьызэриГагъуу, щIалэ цIыкIур кьыщIэплъэрт.

- Сабийр си бгъафэм ескъуэлIэри срикъуукIэ сыгъащ, икIи быдзу мурад сщIащ афIэкIа зэзмыдзэкIыну. И анэмрэ и къуэшхэмрэ яхэзэухьу, ефэныр зэпимыбгъэужьыхэ щыхъум, фотэр дыкIуэн хуей махъу. Ауэрэ сызыпэмылIа Іуэху къыслъыкъокI, цIыхубз папщIэ илъэситIкIэ щIэсыжьыкIэ ягъэтIыс. УдынкIэ сэ абы си фэм дихамрэ гугъу сызэригъэхьамрэ пхужьIэнтэкъым, ауэ, тутнакъэщым щIыхуэ хъын гъуэмылэ къэзлэжьын щхьэкIэ Іуэгуэм семышкIэ, морожнэ щысщэу щIызодзэ. Зы махуэ гуэрым сщашхуи щымыIэу, гукъыдэж лъэпкъ симыIэрэ си Іуэ кьыгъэкIыу жьхуаIэм хуэдэу зысдэщысым. – Волгэ» хужьым лIы зэгъэпэщ1а гуэр кьокIри кьызбгъэдэхуэ. Морожнипщ1 зэрищэхуар гуапэ сщIыхьауэ лIым соппъ: «Гугъу узэрехьыр уи нэгум изолъагъэу, ди шыпхъу, ауэ умыгузавэ, пасэрейм «щIалэгъуэ насыпэ уэстын хьэмэрэ жьыгъэ насыпэ уэстын?» жиIащи, жьыгъуэ насыпэ Тхьэм кьуит», кьызжиIат, – игу кьеГъэкIыж бзылъхугъэм.

Тутнакъэщым исауэ къэкIуэжа и щхьэгъусэм «зыгуэр кьыгурыIуэгъэ пIэрэ» жиIэу Жансурэт щыгугъырт, арщхьэкIэ гугъэ нэпщIу кьыщIэкIат. Сабийр адэнщэ имыщIын папщIэ, ишэча хьэзабым хэтэ Тхьэм щихьумэ. Ешьэжьи щIэщи, дунейгъэкIи жьыхьэмэр игъэващ. И щхьэгъусэм кьэгуэ жриIэрт: «Е тхьэмыщкIэ, мы упэм сыщIэсыхукIэщ уэ дунейуэ уиIэр, си щIыбыр кьыщIыгъэзэ махуэм уунэхъущ. ЖьэкIэ уи Іуэху псори зэхуэбгъэхьэн уи гугъэ щхьэкIэ, ар гъащIэм кьищтэркъым. Уихуэзнэну дунейм зы цIыхубзи теткъым. УкъыщIыгъэна махуэм уи гъащIэр зыми щымыщIыгъу ухъунущ».

Жансурэт унагъуэ ихьащ, хьыджэбз цIыкIуи игъэтIыжауэ хъарзынэу мэпсэу. Езым зэрыжиIэщи, Тхьэм и фIыщIэкIэ, иIуэтэжащ. ЗыдэкIуэжар еджащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ. СабиитIри щымыIэу елъагъу.

- Дуней дахэ, цIыхубз насыпэ жьхуаIэр щрэзэхэсщIар иджкIыщ. Тыншыгъуэр зищIысыр сыт? Абы и жэуапу жысIэфынуращ, зэщхьэгъусэхэр зэрэщIэсыр, псалъэмакъ, къаугъэ уи зэхуаку дэмыльмэ, сабийхэр узынщIу кьэхъуэмэ, ар насыпщ. ИщхьэкIэ зи гугъу щIа, морожнэ куэд ищхуу си гуапэ кьэзыщIауэ щыта лIым жесIэну сыхуейт «Жьыщхьэ махуэ ди Тхьэу лъапIэм умыщI, уи хуэхъуэр кьыслъысащ, си щIалэгъуэм насыпэ симыIами, иджы сIэтэжащ».

Мы зэщхьэгъуситIым я Іуэхум узригъэгупсысри мыращ: нэгъуэщIым и лажьи бэлыхьи зэмгъэзэну, зи ІэкIэ зи гъащIэр зыкъутэжи, пщэдей езым и щхьэм кьрикIуэнур имыщIэу цIыхум лей езыхьым сыту щыгъэзэнущ ирилэжьрэ.

АдрэкIа Жансурэт ильагъужакъым екIуэпIапIэншэу, «бомж» жьхуаIэхэм ящыщ хъуауэ кьэна лIыр.

КIЭБЫШЭ Лилэ.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ зауэлI. *Сурэтыр* **ОРЛОВСКИЙ Александр** *ищIащ. 1816 гъэ*

ПЫТПЫКI Юрэ.

Щыгъын хьэху

КьэкIупс и фащэм пкъыр дэщыкIафIэу,
Джэгум хашамэ, щIэуэ ягъафIэу
ИгъащIэ лъандэм кьэкIуэкI ди щIащэм
Си жагъуэщ нобэ схъуэжьри фащэр.
Хэт сыт жреIи, хьэрып хьиджабыр
Адыгэм дежкIэ сфIэщыщIыпхъэм ар ди хъыджэбзым,
Зыри кьыхэнэжьжьым ун псэр дихьжьну.
Добзэхьыр фащэм адыгэ пщащэр,
И тепIъэ гуакIуэу нэм къедзэкащэр.
Си шыпхъу нэхунэ,
кхъыIэ, зэгъащIэ, Усфещ1ыр хамэ кьыхэпха фащэм.

ПЫТПЫКI Юрэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭМухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуэнэ - ешIапIэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апIэхэм ядэлэжьнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэнигъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIаIуэхэм - 42-22-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыкIа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пжьагъымкIэ аэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ Іэнату щыгъыным.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкIи и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфомбинат. Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Уэлдокъуэ Женя, корректорэу Щоджэн Инэ *(3,4-нэ нат.)*, Табыш Динарэ *(1,2-нэ нат.)*, корректорхэм я дэIыкъуегъу Иуан Заирэ. *КомпьютерэкIэ газетым и теплъэр ящIащ:* ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщI*Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 21.00-рц.

Индексыр 51531● Тираж 10.008● Заказ №2729